# NOU KWE

54^em^ Sesyson Konferans Jeneral Adoptel' an Jiyè 2013

**ENTWODIKSYON** 4
**DEKLARASYON LAFWA/CGGC** 6
**BONDYE** 6
**PAPA A** **Error! Bookmark not defined.**
**JEZIKRI** **Error! Bookmark not defined.**
**SENTESPRI A** 14
**BIB LA** 16
**LIMANITE** 20
**REJENERASYON** 23
**JISTIFIKASYION** 25

**SANKTIFIKASION** 27
**LEGLIZ** 28
**ODONANS** 32
**BATEM** 34
**LAVMAN PYE** 35
**LASEN/LAKOMINYON** 36
**PREZANTASYON TI MOUN** 38
**MISYON GLOBAL** 40
**DENYE JOU Error! Bookmark not defined.**
**APANDIS A: CGGC HISTORIC STATEMENTS OF FAITH** 44
APANDIS B: **LIS** ATISIPAN……………………………………………………………………2
APANDIS C: VOKABILE) DENYE NOT …………………………………………… ...57
APANDIS D: DEFINISYON TEM TEYOLOJIK ……………………………………………63

## ENTWODIKSYON

Dokiman sa a, "Mwen kwè," se yon materyèl pou anseye, li la pou enfòme tout sa ki konsène lafwa jan moun ki nan Legliz Dedye Konferans Jeneral kwè. Dokiman sa a gen ansèyman ki se doktrin fondamantal nou kwè tandiske li gen ladanl' tou ansèyman ke tout moun pa wè menmjan e ki ka kreye diskisyon ant plizyè kwayann le nou nan sitiyasyn kote nap chèche konprann e enèprete yon pasaj biblik. Pa egzanp yo pap konsiderew kon kretyen si ou pa deklare ak bouch ou ke Jezi se Seyè (Mèt), ou siw pata kwè nan lamò Jezi sou bwa kalvè ak rezireksyon li.(Wo 10:9). Poutan, ti detay konsènan retou li bay plas pou anpil diskisyon. (10:9).

John Winebrener, nan lane 1844, te ekri premye deklarasyon la fwa pou legliz Dedye Konferans Jeneral. Li pa gen otorite sou swasant sis liv Labib yo ki se pawòl Bondye, ki sifi a noumenm. Konsa, Legliz Dedye pa apiye lòt "kredo" ou règleman kita ranplase Bib la ke yo rekonèt kòm sèl otorite siprém nan sa ki regade lafwa. Kidonk, Winebrenner te kwè ke gen benefis lèw prezante an rezime prensip nou dwe swiv yo, ki se yon deklarasyon tou kout, ki montre pozisyon legliz la. Pita ankò an 1863, Christian H. Forney fè konnen li enpòtan pou sèvi ak yon gid, ki bon pou enstriksyon, pou yon sèvis ministeryèl, ki bon tou pou yon layik, pou pwofesè lekòl dimanch e pou tout lòt ki renmen dokrin legliz la.

Legliz Dedye Konferans Jeneral, pa ekate posibilite fè piblikasyon pou enfòme lòt sou sa li kwè, sa li pratike, ou etidye sa lòt moun te kwè nan listwa pou enterè pèsonèl. Men li pa kreye ni resevwa oken deklasyon kita gen otorite oubyen kita yon tes lanmou fraternel. Sèl Jezi ki jij konsyans nou e sèl pawòl li ka konekte pèp li ak la laverite. Ke Bondye fè nou konprann Bib la tankou eksperyans nan (Jan 9:24,25), la vi an kominote, (Ak 17:10,11), rezon (Isaiah 1:18), epi istwa sakre (Heb. 11-12:1. Men tout bagay saa yo pa estab, yo ka tonbe, e youn ladan yo pa yon otorite Sèl sa ki anseye akle nan Bib la, nesesè pou Sali. Sèl Bib la mete baz esansyèl pou prensip jeneral kretyen Legliz Dedye yo.

Nan lane 1925, nan santyèm anivèsè Legliz Dedye, konsèy ansyen yo te apwouve yon deklarasyon lafwa kite baze sou deklarasyon Winebrenner a an 1844, men kite santre inikman sou kesyon doktrinal. Senkant lane pita, an 1975, Konferans Jeneral apwouve yon vèsyon kondanse deklarasyon 1925 la .Gade apandis A pou kopi twa deklarasyon sa yo. Byenke twa diferan deklarasyon sayo bay yon rezime presi de kwayans Legliz Dedye Jeneral Konferans, toujou genyen nesesite yon rekèy pou ede sayo kap chèche plis enfòmasyon. Nan sans sa a, Jeneral Konferans te ofri a legliz li yo e pastèl yo, opòtinite pou jete yon ti koudèy sou sa ki rele"*doktrin distinktif Legliz Dedye yo an Amerik dinò.* Legliz yo an jeneral relel "Liv jòn nan" Li te ede legliz yo pandan preske trantan komanse nan lane 1930." Answit an 1959 gwoup ansyen yo apwouve yon nouvèl ekspozisyon nan "*Ansèyman ak pratik Legliz Dedye yo"* Ti liv sa a kite santre sou Bib la te pòte non "liv vè a ». Ti liv sa a te la pou te kapab kreye yon klima konfyans nan mitan nou
*Tout moun, tout jenerasyon dwe kouri vini ak fwa yo sito ke pawòl la pwoklame ak sen yo. Kidonk, an 1983 Konferans Jeneral* parèt avèk "nou kwè » ti liv sa a te revize an 1986. Se deklarasyon la fwa tout moun ki nan Legliz Dedye. Liv ble sa a byen itl e byen sèvi legliz yo, men lè a rive pou Kretyen ki nan legliz kontanporen yo reyafime fwa yo e konpreyansyon yo de pawòl la" Pwiske Legliz Dedye kwè nan Sentespri ki ka gide nou nan entèpretasyon ak aplikasyon Pawòl Bondye a, Konferans Jeneral aksepte revizyon an. Li se rezilta travay anpil

moun. Se pa yon lòt deklarasyon lafwa, men se yon pase men nan « nou kwe » Deklarasyon Doktrinal Legliz Dedye Jeneral Konferans.

Depi nan fòmasyon li, yo bay enpòtans a inite nan sa ki esansyèl, libète nan sa ki pa esanyèl, la charite nan tout bagay. Legliz la ap chèche bay priyorite a verite biblik, pandan lap eseye respekte libète. " Nou kwe" pa gen entansyon konsidere tèt li kòm pawòl final nan sa ki konsène eksperyans ak pratik la fwa. Sèlman pawòl Bonye ka fèl, e yon jou ti liv sa a nap sèvi Jodi a pral bezwen revise. Li enpotan pou nou sonje ke ti dokiman sa a pa la pou ranplase Bib la. Li gen ladanl pawòl Bondye a menm, pwen doktrinal ki mare nou ansanm, li gen ladanl tou sa ki ka ouvè a diskisyon ki ka pa kondwi nou a yon konklizyon komen.

Legliz Dedye Konferans Jeneral pa sipòte oken tradiksyon patikilye Labib. Deklarasyon sou tradiksyon nan seksyon «Sou Bib la » eksprime sans legliz genyen. Komite moun ki tap ekri yo, kitap kontribye a dokiman sa a sèvi ak tradiksyon, e non parafraz, tradiksyon pi byen klarifye.

Menm gid kite gouvène redaksyon "Nou kwè" nan 1983, se menm gid sa a ki gouvène redaksyon nouvèl edisyon an:
Yon deklarasyon lafwa ki pratik
Yon deklarasyon ki prezante yon ekspresyon pozitiv fwa nou
Yon deklarasyon ki konsi (yon rezime)
Yon deklasyon ki fèt pou layik, ki pa teknik, ki minimize langaj teolojik ak predikasyon.
Yon deklarasyon ki sèvi ak egzanp e sous ki sòti Selman nan labib.
Konsèy Admiinistratif la pataje gwo apresyasyon li a tout reprezantan konferans lokal yo, Semenm direktè rejyonal yo, epi lidè yo ki asosye nan ministè, moun ki ekri kèk seksyon nan dokiman sa a, moun ki gen talan nan zafè edisyon, e lòt kite bay yon patisipasyon kèlkonk .Atansyon yo te bay a Sentespri a e lanmou yo pou Legliz Jeziki a sete yon bagay ki pat ka kache. Yon fason patikilye, nou remèsye tout moun ki gen non yo depi plizyè ane ki mansyone nan apandis B Priyè nou se pou travay yo te fè kontinye sèvi legliz la ak piblik la byen! Louwanj pou non Jezi!

Nou kwè ke labib se pawòl enspire Bondye, sèl règ lafwa ki san fot eki pratik .

Nou kwê nan yon sel Bondye. Li etènèl e li egziste an twa pèson, papa. Pitit la, ak Sentespri, esansyeman e sou mwen kominote yo se yon sel.

Nou kwè nan Bondye Papa a ki Toupwisan, eki te kreye syèla ak tè a.

Nou kwè nan Jezikri, mèt nou. Li se lapawol ki tounen lache, san pou san Bondye, san pou san moun, Nou kwe li te fet pa mwayen pwisans Sentespri. Nou kwè li te fet pa loperasyon Sentespri. Li se pitit lavyèj Marie, li te viv san peche, yo te klouwel sou kwa, li te mouri, yo te antere li. Sou twa jou li te leve answit lite monte nan syèl.

Nou kwè nan divinite Sentespri ki abite nan kwayan yo. Sentespri konvenk moun ke yo peche kretyen konnen yo dwe viv nan sanktifikasyon, li rekonfòte, li anseye; te kreye ak imaj Bondye, li te tonbe nan peche, li ka fèt ankò an espri, gras Bondye ka jistifyel e li ka sove pa mwayen sakrifis Jezi sou kwa a..

Nou kwè ke legliz la se kò Jezikri, se pèp Bondye ki gen pou misyon pou fè disip a travè tout nasyon. Nou kwè nou se sel te a e nou se limyè mond la.

Nou kwènan batèm, nan la sen, ak nan lavman pye. Yo se odonans legliz.

Nou kwè nan retou Jezikri, nan rezireksyon ko moun, nan jijman dènye, nan lavi etènèl.

Nou kwè nan yon nouvo syèl ak yon nouvèl tè.

## Bondye

**Nou kwè nan Bondye**.

Bondye la pou toutanl.[1] Bondye se komansman tout sa ki egziste (Jenez1:1)

Bondye vivan e li se sèl sous lavi ak egzistans. Lé Moyiz te mande Bondye si yo mandel non moun ki voyel la kisa poul di, Bondye te reponn “Mwen se sam ye a” (Egzod 3:14), ki eksplike ke egzistans Bondye se bagay ki depase moun, tout sa ki egziste, se li menm kite kreyel. Bondye gran moun, Bondye li souveren sa vle di li gen otorite sou tout sa ki egziste.. "Bondye se espri,[2] Moun k’ap adorel yo dwe fè sa an espri e an verite" (John 4:24). Bondye pa gen yon kò fizik. Li pa yon moun, li pa non pli mal ni femèl. Lè nap pale ak Bondye, nou sèvi ak mo li menm te sèvi lél tap fè nou konnen kilès li ye.(e.g. papa, pitit, espri,boukliye, bra Seyè a, men Bondye etc.) Imaj ki familye ak eksperyans nou, yo souvan itilize nan Bib la ki ede nou konprann Bondye, men li enposib pou nou genyen yon deskripsyon egzat de Bondye. Pwiske Bondye revele karakte li, pwiske li enposib pou pou nou pou nou bay yon deskrisyon detaye sou Bondye ; pwiske Bondye revele karaktè li ak nati li a nou menm, nou itilize pwonon maskilen ke li menm li te chwazi lèl tap pale (e.g. Jenesis 3:11; Jean 1:1-2;John 15:1-2, 16:5-11).

Bondye paka chanje (Malachi 3:6-7). Sa Bondye te pwomèt, sa li te etabli kòm modèl pou lavi paka reekri ni chanje Mat. 5 :18, Luc 16:17. Se pa yon refleksyon sou idantite ou non Bondye, men se yon benefis pou nou ke Bondye pa janm chanje (Romen 2 :1-13)

**Nou kwè nan yon sèl Bondye ki egzizte an twa pèson.**

Yo rele sa tou doktrin “Bondye en tèt” ou “Twa inite Bondye” ke yo rele kèk fwa “Trinite.”.

Detewonòm 6 :4-9 di, « Tande pèp Israel, Seyè Bondye nou an se yon sèl Bondye” Pasaj sa a endike ke Bondye se sengilye li paka divize. Sa vle di Bondye pou kont li se Bondye, se li menm sèl pèp li dwe tande lèl pale, li konplè an li menm, li inik an li menm.

**Nou kwè ke Bondye revelel** li menm kòm twa pèson, ak bonjan idantite ak pèsonalite, men yo soumèt youn anvè lòt, e yo ini ansanm. Men twa pèson sa yo:

**Papa a**, kreyatè/fondatè –, (Jenèz 1:1-2; Sòm 68:5; Esayi 9:6). Se limenm ki te konsevwa e kreye la nati..

**Pitit la (Jezi/ lapawòl-** Kreyasyon an te posib gras ak pawòl Bondye ke li te pwononse ak bouch li. Pawòl pitit la te materyalize plan papa a nan yon kreyasyon materyèl. Jenez 1:3; Esaie 9:6; Jean 1:1-3, 10:30; Hebre 1:1-3). Pa mwayen li menm, tout mond la te kreye, e plan Bondye te akonpli.

**Sentespr**i – Misteryez prezans Bondye ke yo rele souvan Sentespri " Jenèz 1:2, bay imaj yon lespri ki gen pouvwa, kap vire won nan tout kreyasyon an. Sentespri te pèmèt Beelzebil konstui Tabernak la e ekipe moun espesyal tankou pwofet, wa (Egz 31 :3 ; Jij 3 :10 Ez 37 :1. 2Sam.23 :2. Nou wè sa klè nan labib kote Bondye revele kilès Jezi ye {Jen 1:1, 2 John 14:26, John 16.13 Ro 8:9. Sentespri a tou se lespri Kris la Jen 1:2 .Tout egal youn ak lòt ak Dieu ki entèt la.. Pa mwayen Sentespri, nou resevwa rekonfò nan Bondye, konsèy, pouvwa, don spesyal pou legliz ka grandi e pou kondwi nou nan laverite..

Nan Matye 3:16-17 nou we tou le twa pèson yo ansanm nan batèm Jezi[3].

Poutan gen yon sel Bondye, I Kor 8:4-6, Bondye se yon sl, Det 6:4. Papa a se Bondye, Jezi se Bondye, Sentespria se Bondye.

Nou kwè nou paka konnen Bondye an menm tan nou ka konnen Bondye.

Grandè Bondye depase kapasite nou pou nou konprann li. Nou pa menm gen posibilite pou apèsi li. Bondye revelel, li fè nou konnen li, li chwazi fè sa nan relasyon dirèk avèk lèzòm. (Ps 19, Ro 1 :20. I Jan 4:12 Bondye se Kreyatè tou sa ki egziste. Bondye se lanmou (jan I:1-3) Li pran swen chak moun yon fason pèsonèl. (Ro:5:8) Bondye aktif, li enplikel dirèkteman nan zafè nou, li an kontak ak kreyasyon an. Apèl Abraham, deplasman pèp Israèl, ministè Jezikri, ak travay Sentespri, tou sa montre relasyon kontinyèl Bondye ak kreyasyon an epi limanite.y (2 Pye 1:3-4; Jenez 12-15; Mat 3:16-17; Acts 2; 2 Pie 1:3-4).

**Nou kwè Bondye-**Papa, pitit, ak Sentespri-li omnisyan, omnipotan, e omniprezan.

Bondye omnisyan. Konesans li pa limite. Bondye se sous tout verite. Bondye nou an gran, li gen anpil pouvwa. Entèlijans li enfini Ps 147 :5, Ezayi 40 :26, Heb.4 :13

Bondye omnipotan. Ak Bondye tout bagay posib. Mat 19:26 ; Ps 107; Ezayi 26:4; Apok 19:6.)

Bondye omniprezan, prezans Bondye enfini. Tout kote e toutan. Ps 139:7-12.

**Nou kwè Bondye li sen. Sen vle di opoze e separe ak satan,** deside pou viv nan pirifikasyon san ou pa nan melimelo.[4] Se pou nou sen paske mwen sen, 11:44). (Proverbs 8:13; Kolos 1:21-23; 1 Pie 1:15-16; Jacques 1:13; 3 John 1:11).

Nou kwè Bondye vle nou konnenl, e li te fè nou konenl' plizyè fason.

Bondye revelel nan kreyasyon an. Bondye depase kreyasyon. Kreyasyon an se yon mevey, grandè li ak majeste li declare egzistans Bondye e manifeste glwa. Esaie 6:3).

Bondye revelel a travè listwa lèzòm; premyèman, a travè pèp Izraèl, Bondye te fè pwomès li a Abraham, li bay lwa li a Moise pou jistis ak relasyon youn ak lòt. Li rele lidè ak pwofèt pou gide lasosyete, li delivre pèp Israèl anba plizyè kaptivite, li bay ansèyman espesyal pou memorize pou yo ka pataje volontel ak dezi li pou lòt moun ka enplike e kenbe bon relasyon ak Bondye.

Bondye revele li pi klè toujou pa mwayen Jezikri. Nan tan lontan, Bondye te revelel' a zansèt nou yo plizyè fwa e diferant fason a pwofèt yo, men nan jou sa yo, li fè sa pa mwayen pitit li.

Jezikri (Heb1-3). Jèsus te di Philip, “Nenpòt moun ki wèm, yo wè papa a.” (Jean 14:9). Jezi te fè nou konnen Bondye pi plis. Pou nou konnen Bondye, nou dwe konnen Jezi, vi li ansèyman li, ministè li, lanmò li ak rezireksyonl.” Pa mwayen Jezikri nou aprann ke Bondye se yon papa ki gen konpasyon. .

Bondye revelel a travè Sentespri. Sentespri ede nou verifye ke Jezi se Bondye (Jean 16:13-15). Se Sentespri ki vin abite nan nou e kreye relasyon avèk konsyans nou. Sentespri se pou nou yon konseye, yon rekonfò, yon refij, yon pwofesè kap anseye nou laverite, volonte Bondye, entansyon li, karaktè li ak nati li (Zach 7:12; 2 Cor 13:14; Philipp 2:1).

Bondye revelel pa mwayen legliz li. Legliz la se mwayen ki reflete e demontre karakte Bondye ak nati li. (Eph 3:10-12).

**Bondye revele a travè Labib (2 Tim 3:15-16).**

**Papa a**
**Nou kwè papa a se limenm ki kreye tout bagay.**
Se li menm ki
Konsevwa kreyasyon e li konnen pouki rezon li te fè sa (Jenez 1:1-2; 68:5; Ez 9 :6.

**Nou kwè papa se premye pami lòt ki egal avèk li yo,** se li ki a la tèt. Bondye inik, li se yon sèl, e poutan lap viv nan yon inite pafè ak pitit la, ak tout Sentespri a. Sa klè nan Bibi la.
E li pa fè sans pou nou ta konsidere youn nan pèson sa yo kòm siperyè ak lòt. Poutan nou **wè kòman Jezi montre soumisyon li ak papa a nan** syèl la è li fè sa li wè papa li ap fè, (Mat. 26:36-46; Like 23:46; Jean 5:19, 30; 10:29; 14:31). E Sentespri tou obeyi papa e pèmèt nou fikse papa a pandan nap swiv Jezi ; Roman 8:15-16; Jan 14:26).

**Nou kwè** Bondye Granmoun sou tout kreyasyon an.
Li pèmèt sòlèy la leve sou mechan yo menm jan li leve sou moun ki mache dwat yo, Li voye lapli sou mechan ak jis yo. (Matt 5:45 NIV; Mat 6:26, 10:29; 1 Cor 8:6; Eph 4:6).

Nou kwè papa a se lakay li padon chita e li gen kè sansib[5]
"Siw padone lòt moun, papaw ki nan syèl la ap padonew tou. Men siw pa padone lòt yo lè yo fè saki mal, Bondye pap padonew tou Mat 6:14-15; Luke 6:36, 23:34).

Nou kwè papa a se li menm an premye ki komanse etabli vrè relasyon lòm ak Bondye. Nou kwè ke papa a se li ki kòmanse relasyon nou ak Kris.
"Peson paka vin jwenn mwen amwen ke papa atirel. E map level byen wo o dènye jou (Jan 6:44; Jon 6:65; 8:28, 42; 14:16, 26; Colos 1:12; I Jn 4:14).

Nou kwè papa a se li menm sèl ki bay tou sa ki bon e pafè
"Tout sa ki bon e pafè sòti nan papa a ki nan syèl la, ki pa chanje tankou lonbray' (Jak 1:17; Efezyen 1:3, 5:20).

Nou kwè papa a glorifye lè nou viv e pataje wayom Bondye a ak lòt yo.
Pandan nap swiv Jezi e viv selon volonte li, nou glorifye Bondye e nou montre amou e karaktè li. (Mat 5:16; Jan 15:8; Jn 17:5-26).

Nou kwè papa ap detèmine lè ak plas dènye evenman yo lè lafen dimond va rive.

Jezi li menm te di ke sèl papa a konen lè syèl la ak tè a ap pase, e lè sa a la fen an ap vini :35-36). E nou wè papa a chita sou twòn li ak liv sèt so yo ke Jezi ap itilize pou fini ak tout bagay. Apok 5:7). (Gade "DENYE BAGAY" pou plis enfomasyon.

1

**Jezkri**

**Nou kwè** Jezi te aktif depi avan la kreyasyon mond la.

Kòm dezyèm pèson trinite a, Jezikri te toujou egziste, pandan li ap rejwi li lamou papa depi avan kreyasyon mond sa a. (Jan 17; Jan 1:1. Nan tèt ansanm papa a ak Sentespria, Jezi te pran yon pa aktif nan kreyasyon mond la. (Kolos 1:16).

**Nou kwè** Jezi fè yon sèl ak papa a, epi li san pou san Bondye.

Mèm an kalite moun, Jezi te kontinye diven e fe pati trinite a. (Jan 10:30). Jezi se Bondye, Li pa pa yon anj kap travay, li pa yon imaj ou lombray, li pa yon bagay ke Bondye pwodwi. Jezi genyen menm atribi ak Bondye, menm sibstans ak papa a (Jan 14:9,10) .Pitit la revele nou papa, e fè nou konen, byen konnen kilès vrèman Bondye ye (Jon 1:18, Mat 5:17, Lik 24:27).

**Nou kwè jezi se akonplisman pwomès plan redanmsyon.**

Labib di ke tout kreasyon konte sou Jezi pou yon restorasyon. (Esaie 65:17-18, 25; Roman 8:19). Jezi se sovè ki te pwomèt la, li se akonplisman lalwa (Mat 5 :17) labib se temwen ke nou ka konte sou li e nou ka konprann. Se aktivite redanmsyon ki nan Jezi (Luke 24:27).

Nou kwè jezi te enkane (pran fòm lache) e li san pou san moun.

Se Sentespri ki te fè Jezi pa mwayen yon vièj fi, Li te gen chè ak san tankou nou. (Mat 1:20-23; Jan 1:14). Jezi tounen moun poul ka fè nou konnen li. Pou li ka ofri tèt li an sakrifs pou nou e poul kapab reprezante nou devan Bondye. (Heb.2:17).

Nou kwè Jezi te vini menm jan avèk nou pou te kapab sanble avèk li nan yon imanite pafè ;

Kòm sovè nou ak gran prêt nou, Jezi aksepte pran imanite nou kite koronpi pou ofri nou redanmsyon, restorasyon pa mwayen sakrifis li sou kwa (Heb. 3:1). Nan kò lachè li, li te viv yon vi obeyisan, pandan li fè pou nou, sa nou pat kapab fè pou tèt nou. (Heb. 4:15).

Nou kwè Jezi te mouri sou yon kwa poul te kapab padone peche sou tè a.

Jezi demontre pwofon amou Bondye, li kwè nan Bondye e li obei li. Li mouri volonteman nan plas nou lamò nou te merite. Jezi pran peche nou yo e li ranpòte viktwa sou lanmò pou jamè. Kolos (1:22-23). Li te etabli yon nouvo Kontra pou toutan ant Bondye e limanite (2 Kor 5:21). Li banou posibilite pou etabli relasyon avèk papa a e Sentespri a, e li pèmèt nou konnen lamou Bondye (Jan 15:9; 16:5-15; Ef 3:14-19; 1 Jan 4:16).

**Nou kwè Jezi te resisite viktoryezman**.

Papa fè Jezi leve anba lanmò Mat (28:1-7; Mark 16:1-8; Lik 24:1-9; Jan 20:1-18; Ak 2:32). Le Jezi te leve anba lanmò, li brize pouvwa lanmò pou toutan. Yon jou lap resisite nou ak kò nou tankou li pou nou viv pou tou tan (1 Ko 15:21-23).

**Nou kwè ke Jezi te monte al jwenn papa li nan yon kò imen.**

Jezi te al jwenn papa a (Mk 16:19; Lk 24:50-53; Ak 1:9-11). Jezi nan kò rezireksyon an reprezante nou devan papa a. (Heb 7:25). Jezi pa mayen rezireksyon e atravè sentespri, kontinye poul ka prezan e actif nan ministè kò li, ki se legliz.Jan 16:7; Ak 2).

**Nou kwè ke Jezi se Seyè e Sovè**.

Jezi, aprèl fin triyonfe sou peche ak lanmò, kounye a li egzalte kom Seyè. (Ak 4:12). Kòm sèl mediatè ant Bondye e lòm, sel pitit Bondye a, li menm sèl gen aksè ak papa, e pèsonn pakab vin jwenn papa sanl pa pase devan li. Jan14: 6) Jezi kontinye ministè li jiska la fen detan, lè lap vini poul jije vivan ak mô.Mat 28:20; Ak 10:42-43). Jezi kontinye revele tout sajès Bondye.a travè legliz e ak otorite yo ki nan mond la. Woman 3:22-26; Efez. 3:10-11).

**Sentespri a.**

**Nou kwè** nan Sentespri a ki se Bondye.
Sentespri a, se yon pati nan trinite a-Li etètènèl, li tout-pwisan, li konn kolabore byen ant papa a ak pitit la – yo etènèl, yo gen tout pouvwa, egal youn ak lòt, ak papa a ak pitit la tou (Jenez 1:2; Ak 5:3-4). Jezi te di, "Ale fe disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non papa a, ak pitit la ak Sentespri. Mat 28 :19).
Sentespri a anseye, li bay komisyon, li dirije, li entèsede, e li sensib. (Jan 14:26, Ak 13:2-4, Ak 16:6-7, Women 8:26-27, Ezayi 63:10; Ef. 4:30).

**Nou kwè Sentespri te toujou angajel nan travay Bondye.**
Lespri Bondye te aktif nan moman kreyasyon an. Li tap monte desanm sou dlo yo e kreye lezòm (Jenèz 1:2; Job 33:4). Lespri Bondye te pèmèt Bezaleel konstwi tabènak la, e ekipe kèk moun espesyal pou yo te ka profèt, jij, oubyen wa (Egzòd 31:3; Ezekiel 37:1; Jij 3:10; 2 Samuel 23:2). Men pwomès Bondye te fè Izraelit yo,"Map vide (voye) lesprim sou ofran nou yo" (Ezaiah 44:3).
Sentespri te jwe yon wòl enpotan nan pwosesis pou Jezi te fèt. Luc 1:35) Sentespri te desanm sou fòm yon pijon nan batèm Jezi (Luc 3:22). Li te kondwil nan dezè a kote satan ta pral tantel (Luc 4:1). Anba pouvwa menm lespri sa a, (Luke 4:14), Sovè a kòmanse e fini travay rekonsilyasyon an, li chase demon, tou sa pa mwayen Lespi Bondye (Mat 12:28) e li te pwomèt yon konsolatè, lespi verite (Jan 15:26).

**Nou kwè** Sentespri te revele tèt li yon nouvèl fason jou pantkòt la.[6]
Jou Pankòt la, Legliz te pran nesans. Ak 2 :1. Sentespri te parèt tankou yon gwo van puisan, e lang, tankou dife (Ak 2:2, 3) te komanse yon nouvo ministè sanktifikasyon, kote Sentespri te mete yo apa pou yo te ka komanse legliz la. Evenman sa a se te akonplisman sa Joel pwofèt la te anonse e pwomès Jezi te fè. (Joel 2:28-32; Ak 2:33).

**Nou kwè** yon moun ka konnen Sentespri a e fè ekspeyans avèl.
Bondye Voye Sentespri sou nou lè nou chwazi swiv Jezi kom Sovè e Seyè nou .(Ak 2:38-39). .Lè nou chwazi pou nou viv en Jezi, papa ak pitit la voye Sentespri pou banou nouvèl nesans espirityèl, ke yo rele rejenerasyon, rejenrasyon sa a pèmèt Sentespri abite nan nou. (Jan 3:3-6; Tit 3:5-6; Ak 2:38-39; Jan 3:3; 1 Kor 12:13). Se sa Janbaptis te vle anonse lè li te di ke Jezi ap batize nou ak Sentespri » (Jann 1:33; Jan 1:29-34).[7] Tout kretyen fè eksperyans batèm Sentespri a (1Kor 12:13).
Pou ede moun viv nan relasyon avèl Bondye pa mwayen Jezikri, Sentespri a fè nou pran konsyans ke nou peche, fe nou rekonèt kòman Jezi li jis, e koman li gen poul jije satan.(Jan16:8-11).

**Nou kwè** Sentespri li kouvri tout moun kap swiv Kris yo avèk inite espri. Inite espri se yon kominyon espesyal ki egziste nan gwoup moun ki te akspte Jezi yo kom sovè e mèt (Ef 4:3). Nan relasyon tèt ansanm sa a lanmou Bondye manifeste de yon kwayan a yon lòt, pandan li iniyo ansanm pou fè misyon tankou si yo te yon sèl kò (Ef. 4:15-16; 1 Jan 4:13-21).

**Nou kwè Sentespri pèmèt kwayan yo grandi espirityèlman.**

Bondye bay lavi an abondans a moun li yo ki sou tè a pa mwayen Sentespri. (Zakari 4:6). Sentespri travay nan lavi endividyèl chak kwayan, pandan lap bayo gid, enstriksyon e pouvwa

pou akonplisman lavi ke Jezi te pwomèt. Jan 14:26; 1 Kor 12; Ephesians 4). Pandan Sentespri ap fe sa a, li revele e pote glwa pou Jezikri. Jan 16:13-15).

**Nou kwè** plenitid Sentespri nan kwayan li kontinyèl, prezan, e actif

Yon kwayan mete konfyans li nan Sentespri a nan moman li tap aksepte Jezi kòm Seyè e sove li, poutan genyen yon bezwen pou kite Sentespri a kontinye travay e ranpli yo. Plenitid pwogresif, sa kontinye ekipe ak don, bay pouvwa, bay prèv ke Sentespri a ap travay. Yon kwayan aksepte Jezi kòm Seyè e sove, poutan genyen yon bezwen pou kite Sentespri a travay nan yo menm. (Ef. 3:14-19; Jan 14:17; Ef 5:18; Ezekiel 36:27; Woman 8:9; ! Ko3:16; I Ko 6:19; 2 Timote 1:14; 1 Jan 2:27).

**Nou kwè ke le Sentespri distribiye don pou legliz la kapab grandi. Jezi**Kri, chèf la avèk sajès li e volontel, li distribye don espiritTyèl pami kretyen yo pou kwasans legliz. Wo **12:6-8;** 1 Ko 12:7-11, 25-31; Ef 4:11 -13). Sentespri a konnen ki don ki nesesè e ki moun ki dwe resevwa yo. Lespri ki moun kid we resevwa. (1 Corinthians 12; Wo 12:6-8; Ef 4:11-16; 1 Peter 4:10-11).

Pou rezon sa a, Legliz Dedye yo ankouraje manm li yo pou pratike lafwa ak soumisyon pandan yap chèche egzèse la fwa ak soumisyon nan dekouvri don espirityel ke Sentespria bay chak moun (1 Ko 12:6, 18, 25; 1 Ko 14:39). (Ef 4:16).

**Nou kwè** fwi lespri a se prèv esansyèl ke yon kretyen ranpli ak lespri.

Lè wap swiv Jezi, puisans Sentespri lesew pwodwi fwi ki devlopew, li fèw tounen temwen ki efektif devan tout moun. Fwi sa se prèv esansyèl prezans Senespri nan lavi kretyen an kèlkeswa don ou abilite lita genyen (Mat 7:16; Ak 1:8; 1 Kor 13: 1-13; Gal. 5:22-23).

**Bib la**

**Nou kwè Bib la se pawòl enspire Bondye, ki san fôt e san erè, sèl lwa ki pèmèt nou swiv Jezi nan tout aspè lavi nou.**

**Petèt gen èd pou** nou ka konpran Bib la, tankou eksperyans, (Jan 9:24,25). Kominote kretyèn (Ak 17:10,11), rezon (Ezai 1:18). Istwa sakre (Heb. 11-12:1), men tout bagay sa yo, yo fayib, yon gen erè, e youn ladan yo pagen otorite. Bib la pou kont li, li sifi a nou menm.

Moun ki te ekri liv Nouvo Testaman yo fè li klè ke labib se sous pou lavi espirityèl ak fòs pou kretyen. 2 Tim 2:15; 3:16-17; Heb. 4:12). Sa yo ak lòt pasaj toujou fè li klè pou nou, nou pa bezwen lòt otorite ankò oubyen kredo andeyò de Bib la. Labib se deklarasyon final nan domen kwayans, moral, ak aktivite pou legliz. Nou pa opoze nou a piblikasyon pou enfomasyon sa moun kwè, pratike e etidye, istwa, kredo pou enterè pesonèl, men nou pa kreye oken kredo ki gen otorite oubyen pou teste degree de kominyon fratenèl nou.

« Enspire de Dieu» ou sòti nan souf Bondye″ (2 Tim 3:16-17). Sa vle di Sentespri te leve konpreyansyon moun ki tap pale e ekri pi wo nivo limitasyon lòm pou li ka bay pawòl Bondye a yon otorite diven. (1 Kor 2:12-13).

**Nou kwè** ke Bondye te itilize mo ke nou menm lezòm nou itilize pou pou transmèt verite ki konsène Bondye. Bib la reflete imaj Kilti ak anviwonman otè yo. Bondye te gide yo yon fason pou verite yo tap ekri a se te pawòl li (2 Pie 1:20,21; Jude 3). Konsa, li se otorite enfayib nan tout sa kretyen an ap fè e kwè.

Bib la genyen ladanl 66 liv separe, ekri depi plizyè syèk. Plizyè moun kite pale lang diferan, ki te sòti nan condisyon ekonomik e sosyal diferan te ekri pawòl la. Poutan nou pa ta kwè sa, tout otè diferan sa yo deklare menm Bondye a, Konsa, konsa yo revele menm Bondye a nan enspirasyon e nan prezèvasyon pawòl nan tan pase yo.

Labib se yon konpilasyon 39 liv nan Ansyen Testaman e 27 nan Nouvo Testaman. Yo chak se Bondye kite enspire yo e tout te regwoupe ansanm anba kontwòl Sentespri pou fòme sa yo rele kanon. Konsil Jamnia nan lane 90 apre Jezikri, afime 39 liv sa yo rekonèt kòm pawòl sakre, ke izraelit yo te resevwa. Konsil Kataj la nan ane 419 aprè JC afime 27 liv Nouvo Testaman yo. Lidè legliz sa yo te etidye ak anpil swen pou yo te kapab cheche prèv enspirasyon liv sa yo. Yo te etidye tou aspè eksteryè liv sa yo pou prèv ak otantisite apostolik, e pwofetik, ak kritè pou yon liv ka konsidere kòm otantik ou non enspire.

An Konsekans, Konsil sa yo pat pase liv yo pou vote men Sentespri te déjà mete so enspirasyon an sou sa ki te enspire tout bon yo. Nou rekonèt byen bonè nan istwa legliz ke Labib li otantik, li gen pouvwa pwofetik e apostolik. .Konsa nou kwè ke 66 liv yo se pawòl Bondye.

**Nou kwè** mesaj santral Labib se travay redanmsyon ke Bondye li menm te mete sou pye nan listwa, gwo dram ki dekri pou nou nan paj Labib yo, tankou jan nou wè kreasyon an nan (Jenèz 1-2) lachit, Jen 3:17, e redanmsyon limanite (Jan 3:17) Lamò (Mark 15), e rezireksyon Jezi (Mat 28). Nou wè kreyasyon, malgre li meveye e pafè nan eta orijinal li, li soufri de peche orijinel la ki gel om nan troulachit akoz peche limanite. (Women 8:19-22). Nou wè Bondye, akòz gwo lamou ak mizerikòd li, li rele pwofèt, li rele moun vini jwen li pou revele yo karakè li ak bi li (Egzod 34:5-7; Heb 1:1). Nou wè Bondye voye Kris, sèl pitit byeneme li (Jan 3:16) pou anseye e bay egzanp lamou ak verite (Filippyen 2:5-7; Ak 10:38), li mouri 1Jan 2:2), resisite anba lanmò, e li aboli lanmò ( 1 Kor 15, 1 Kor 15:3-6).

**Nou kwè bon jan entepretasyon Labib anba gid Sentespri.**[8]

Levanjil Jezikri a ki nan Bib la dwe pwoklame sou tout tè a (Ak 1:8). Legliz la se kò Jezikri ki li menm se chèf legliz la ke Sentespri ap gide. Inite ki genyen nan kò sa a se yon bagay vital pou yon pwoklamasyon efektif pawòl Bondye a. Linite kò sa a li vital pou yon pwoklamasyon efektiv. Nou konprann ke entèpretasyon Ekriti anba direksyon Sentespri li gide pa mwayen yon konpreyansyon kolektif (2 Pie 1:20, 21; 3:1, 2).

Labib pa dwe sèvi tankou yon koleksyon tèks pou pwouve, oubyen li pa deziye pou nou fè etid pasaj izole de fason izole. Lè nou retire pawòl la nan kontèks orijinal li,ou pèdi sans li genyen dapre otè li, men lè nou metel nan kontèks original la, li ede nou jwenn vrè sans li pandan nou mete de kote pwòp opinion nou, pwòp teyoloji pesonèl nou (Ak 2:42; 17:10-11).

**Nou kwe** ke Sentespri a toujou rete aktif nan lavi kwayan an.

Pwiske Sentespri te aktif nan enspirasyon an, kanonisite ak prezevasyon Labib te jwe yon wòl enpòtan nan entepretasyon pawòl la. Kidonk, Jezi te priye pou sa (Jan 17:17) e li te pwomèt Sentespri pou gide disip li yo avèk laverite e la konesans (Jan 16:13-15). En consekans, nou ka atann nou ke Sentespri travay pa nan nivo konpreyansyon nou le nap li, men li ka itilize nou fòm yon enstriman, nan lavi chak jou pou transfòme nou pou nou vinn tankou Kris. Apòt la di ke pawòl Bondye dwe abite abondaman nan nou. Kretyen ki etidye Bib la nan yon depandans ak imilite, lap byen sezi doktrin yo, presèp yo, pwomès yo, egzanp yo, egzòtasyon yo. Yap akeri yon gou espirityèl kap sòti nan sentespri, kap pèmèt yo dekouvri sa ki byen ak sa ki mal nan sitiyasyon patikilye lavi yo, avèk yon degre presizyon. Plis pase yon zorèy fen kite byen antrene nan mizik ki kapab detekte bon son ou move son, ou tande yon son ke yon lòt zòrèy ki pat antrenene pa kapab detekte ditou. Kòm Bondye itilize Bib la nan mach nou chak jou, lanmou Bondye enfliyanse nou, reye nan kè nou, e fè nou pran pa nan bay Bondye glwa ki tounen yon gwo pasyon.

**Nou kwè maniskri orijinal yo san fôt e yo te ekri an Hebre, an Grèk e nan lòt lang nan Labib.**

Tradiksyon Bibla nan anpil lòt lang, bay anpil moun opòtinite pou li Bib la nan dyalèk pa yo. Chanjman nan langaj ak pwogrè nan domèn akeolojik, pèmet yo dekouvri maniskri ki trè pwòch de tradiksyon kite fèt déja, Se konsa chak tradiksyon te dwe evalye ak klate nan kominikasyon levanjil la. Tradiksyon ki soti nan pi bon maniskri, spesyalman Hebre ak grèk, prezeve otorite infayib Labib kòm pawòl Bondye. Tradiksyon ke yon komite prepare bay posibilite pou li fleksib tandike tradiksyon ke son sèl moun prepare pa bay posibilite pou li ta fleksib.

Nou kwè ke se yon peche pou divize legliz akòz distenksyon terorik minim ; Labib se pawòl enspire Bondye.

Pou kesyon enterè nou aksepte e respekte teyori sou fason ke Bondye te enspire pwofèt yo ak apot yo pou yo te pwodwi Labib. Men nou regrèt anpil divizyon legliz la nan tan pase yo te gen pou baz espekilasyon lezòm.

Si nou mete kèk distenksyon teknik sou kote, sa pap fòtifye la fwa nou ou ede nan sanktifikasyon nou. Listwa revele ke sèl fwi ke sa pote lèw bay konsiderasyon ak distenksyon teknik sa yo se dezakò ak divizyon nan nan Kò Jezikri a" Mat 12:25; Efes 4:3; Tit 3:9-11). Sa nou di la a kapab konstate nan preske tout divizyon. Otorite de kote dakò ke Bib la se pi bon modèl pou pou lafwa ak lavi pratik.

Identite nou nan Legliz Dedye Jeneral Konferans sè ke se Labib Selman (sola-scrptura). Sa ki konsene nou, e sa kap toujou konsene nou se chèche konen kisa Labib di de limenm. Se yon

lanp nan pye nou (Ps 119 :105) e se enspirasyon Bondye ki pwofitab e konple. (IITim 3 :16) Li la pou anseye, pou konvenk, pou korije e pou antrene nou pou fè bon travay.

**Limanite**

**Nou kwè ke Bondye Kreye lòm ak imaj li**.

"Bondye te di, "Ann kreye lòm ak imaj nou; nan imaj Bondye li kreye lòm, li kreye yo mal e femèl. (Jenèz 1:26, 27. Jenèz 1:27 afime ke limanite a la fwa mal e femèl e imaj Bondye nan lòm egziste nan lòm e la fam.

Nou k**w**è Bondye kreye lòm e tout moun gen menm valè.

Gal 3:26-29 ansanm ak Jenèz e plis toujou ministè Jezi, fè li klè ke nan Jezi tout moun kreye egal e gen menm valè. Bondye vle pou tout moun gen opòtinite etabli bonjan relasyon avèk li. (Jan 3:16) Nan Ansyen kòm nan Nouvo Testaman Bondye ka rele nenpòt moun pou sèvis li. Apèl li pa limite ak sèks, ras, nasyonalite, pozisyon sosyal ou ekonomik. Galat 3:26-29; Efez 2:10; 4:10-16).

**Nou kwè ke lòm li genyen a la fwa yon nati fizik e yon nati espirityèl.**

Limanite se tankou rès kreyasyon an, li fèt ak objè materyèl men li anime ak pouvwa Sentespri Bondye. E kòm rès kreyasyon ankò fizik nou ka febli e nou ka mouri (Jen.2:7. Lòm se sèl kreyati ki te kreye ak imaj Bondye, e ak karakteristik Bondye, men nou pa Bondye, ni nou pa gen potansyalite pou nou Bondye (Det 6:4; Salm 8; Som 113:5; Job 40-42:6).

Pou nou ka gen karakteristik Bondye, nou dwe an menmtan espirityèl. Lòm toujou dekri kòm kreyati ki genyen kè, espri, kò ak nanm. (Det 6:5; Mak 12:29-30; 1 Tes 5:23; Heb 4:12-13). Karaktristik fizik e espirityèl sa yo se pati nan nou e yo eksprime nan kapasite panse, emosyon. Nanm se yon pati espirityèl etènèl, (Mat 10:28) de (2) nati nou ki deziye pou kominyon avèk Bondye. Som 23:3). Nanm nou ka santi egzistans li depafini e separe ak anbyans Bondye. Nanm nou ka bay Bondye Louwanj (Som103:1)(Som 42) (Matt 11:25-30).

Pou yo konsiderew kòm moun, ou dwe a la fwa fizik e espirityel. Eksperyans etènèl avèk Bondye aprè lavi sou tè a ap enplike bagay materyèl e spirityèl. Nap genyen yon nouvo kò. Kris vin akonpli plan Bondye pou mond la (Isaiah 26:19; 1 Ko 15; 1 Thes 4:13-18).

Nou kwè lòm se yon kreyati inik.

Nou kwè lòm kreye diferan de lòt kreyati. Jan nou fèt non Sèlman li diferan men li depase fason Bondye kreye rès mond la. Fòk nou di gen resanblans pami èt vivan yo e DNA nou. Genyen yon plan konplike pou lòm ke Bondye pat gen entansyon sèvi pou rès kreyasyon an. (Jenez 1; Som 8).

Nou kwè Bondye te kreye lòm poul kapab fè lòt moun wè karaktè Bondye nan lavi e nan travay.

Bondye te vle pou lòm se imaj li e pi pou travay lòm sanble ak travay li. Jen 1:26 1:26). Yon pati nan imaj Bondye nan lòm se abilite nou genyen poun kreye e miltipliye. Bondye te ba nou abilite pou nou miltipliye fizikman e espirityèlman (Jen 1:28). Ajoute ak sa, li ba nou abilite pou kreye mizik, desin etc., e nou wè ke chak aspè lavi lòm montre imaj Bondye nan lòm ( Ef 2 :10). Responsabilite sa a pou kreye fizikman e spiritiyèlman vini nan otorite Bondye ban nou pou nou kapab tounen jeran e travayè nan kreyasyon an (Jen. 2:15). Gason ak fi pataje responsabilite endividyèl e kolektif (Jenesis 2:21-23).

Nou wè responsabilite espirityèl nou pou nou miltipliye nan lòd jezi te bay pou nou fè disip pandan nap mache sou tè a (Mat 28:19). Nan tout fasèt, nan tout moman, e nan tout sezon nan lavi a, miltiplikasyon se yon responsabilite endividyèl e kominotè. Sa reflete nati kreyatif Bondye .Nou ka rele sa grand komisyon nou avèk Bondye e li pa posib san Bondye. Fè disip e etabli nouvèl egliz se de(2) fason enpòtant nou kapab repon a lòd jezi a.

Plan Bondye pou moun kap swiv Jezi se konfòme yo pou yo sanble ak Jezi. Sakrifis, rezireksyon li ak asansyon restore limanite e mmetel nan yon vre relasyon avèk Bondye (Jan 14:23-26; 16:15; 17:20-26). Relasyon sa a transfòme chak aspè nan lavi nou e li travay poul ka tankou kris (Rom 8:28-30). Limanite genyen yon koneksyon fizik e espirityèl avèk Bondye depi Jezi te resisite e li te monte nan syèl. Pou chita bò kote men dwat Bondye avèk ko fizik li san mak e tou nef. (Jan 20:24-30; Ak 1:9; Efez 2:6-7). Sa vle di la vi fizik ak espirityèl nou ap transfome nan relasyon avèk Bondye.

A travè kwayans e relasyon li avèk Bondye, lòm genyen prezans Sentespri ki kondwi nou nan tout verite a e anpare nou poun pote patou plan Bondye. (Jan 16:13; 1 Kor 12:7).

Lafwa aktif ak relasyon avèk Kris konekte ansanm, e li ba nou pouvwa pou viv plènman nan kad imaj Bondye. Se sa sa vle di lèw tounen yon temwen Bondye (Efez 3:10-12).

**Nou kwè ke limanite divize e yo separe avèk Bondye akoz pech**e.[9]

Adan e Eve te chwazi manje nan pye bwa Bondye te rekomande pou pat manje a. Yo te chwazi konen byen ak mal Adam e Eve te chwazi manje fwi defandi a, fwi ke Bondye te di pa manje a. Yo te chwazi konen sa ki byen ak sa ki mal, Yo te chwazi pou yo te tankou Bondye. Opotinite pou te chwazi e pran desizyon, yo menm, sete dezobeyisans a volonte Bondye. Chwa pou pran chaj mete sou tèt yo se yon fason pou lòm te fe volonte pal pase. Sa a se dezobeyisans. ak egoyis. Adam ak Eve pote separasyon nan relasyon entim Bondye te genyen avèk yo. Se sa nou rele "la chute". Jenèz 3.

Peche se "Manke mak la". Lè nou chwazi ale fason pa nou, san Bondye, nou peche, nou rate plan Bondye pou nou, e sa ap kondi nan lamò ak destriksyon olye lavi ke Bondye te vle ba nou. (Pwov. 14:12, Ef 2:10, Rom 2:13).

Chak moun te kreye pou te gen relasyon avèk Bondye e pou te gen Bondye kòm gid ou. Tout moun responsab pou chwa yo fè. Lwen Bondye, kous natirèl limanite se yon dezi egoyis ak destriksyon. Women 1:18-32). A mwen ke nou chwazi kite Bondye entèveni e dirije lavi nou, pa mwayen Jezikri, nap kontinye chwazi pwòp wout nou e viv nan peche e nan separasyon ak Bondye. (Apok 21:8).

**Nou kwè lòm gen libète poul chwazi.**

Adan ak Eve te chwazi dezobeyi Bondye nan Jaden an (Jen 3.) e sa pat yon sipriz pou Bondye. (Mark 10:17-22; Wom 14:12). Nou kwè pa mwayen gras Bondye, lòm kreye lib poul mache nan la fwa. ( I Sam 16:17. Kol 1 :22,23; 2 tim 2 :19. Gras rete pouvwa aktif ki bay Sali a pèp Bondye a. La fwa sèvi kom veyikil pou bay gras la. Ef. 2:8,9. Avèk Jezi kwayan yo santi yo asire nan Kris. Relasyon avèk Bondye pa kraze chak fwa kretyen an tonbe. Bondye bay pouvwa nan kris pou nou viv on lavi viktoriye pandan nap swiv li. Nou kwè kretyen lib poul mache avèk Kris oubyen poul pa mache avèl. Bondye nan lavi yo, lòm lib, li ka fè chwa pèsonèl poul mache ou byen poul pa mache.

Kretyen asire yo de pozisyon yo avèk kris. Relasyon avèk Bondye pa brize chak fwa kretyen an tonbe. Kwayan yo asire yo ke Bondye bay pouvwa ak moun ki menen yon lavi viktorye, kote moun nan tap swiv Jezi. Tankou jan kretyen yo rete nan Kris se konsa tou li demere nan yo. Som 100:5; Mat 28:20; Jan 15:4; Heb 13:5) Bondye ap kreye yon fason pou libere nou anba peche, e travay nan nou poun viv selon volontel. (1Ko 10:13; Phili 2:13). Moun pa Bondye ka apwoche lavi avèk yon sans viktwa.. .

Chwa nou konsènan kilès ou ki sa nou kwè, ou nan kilès e nan ki sa nou kwè kapab afekte destine ètenèl nou. (Habakkuk 2:4; Josh 22:15-20; Matt 5:17-21; Jn 3:16-18, Jan 15:5-6, woman 3:21-24; Ef 2:8-10). Pwoblèm chwa a pa limite dwa gran moun Bondye.

**Nou konnen plan Bondye pou limanite genyen gerizon pou lòm nan tout integralitel.**

Avèk pouvwa ki te leve Jezi soti anba pouvwa lanmò, Bondye transfòme nou. (Wo 8:11, 12:2; 2 Kor 5:17). Pandan nap **konfòme nou ak imaj Kris la, nou dekouvri plis nan li. Se nan limenm sèlman nou jwen lapè (Ef** 2 :14) .Li fè nou obligasyon pou nou grandi pi fò nan la fwa ak nan konpreyansyon. (Ef. 4:12-13*).*

Jezi te di bi li se pou li te vini pou nou genyen lavi etènèl an abandons. (Jan 10 :10) Lavi li genyen de(2) aspè, selebrasyon e tristès, ri ak rèl (Eklezyas 3). Kòm Jezi ap travay nan nou pou geri nou, restore nou, e libere nou anba peche, li fe tou sa pou nou nan pespektiv gras Bondye Gerizon sa a ak travay sa a ap toujou rete pwogresif jiskaske li va fin acheve nan letenite. . (Apok 7:17; 21:4)

## REEJENERASYON

**Nou kwè nan nouvèl nesans ou rejenerasyon. Doktrin rejenerasyon an, oubyen nouvèl nesans, se yon a**nsèyman espesyal Legliz Dedye Jeneral Konferans. Jezi te declare bay Nikodèm fèt yon lòt fwa, oubyen rejenere se baz pou ou wè e antre nan wayòm Bondye (Jan 3:3, 5, 7). Rejenerasyon se chanjman radical lavi yon moun ki pa santre sou lòm men sou Bondye. Jezi pale nan Matye sou nesesite pou vini tounen tankou timoun ( Mat 18:1-4).
Jezikri anseye nesesite pou nou antre nan yon lòt fason poun viv. A travè rejenerasyon yon lòt lavi posib ak Jezikri pa mwayen pouvwa Sentespri Jan 3:6. Sa mande yon nouvèl relasyon ak lòt moun e yon lòt atitid vizavi mond la.

**Nou kwè nou dwe repon a òf Bondye.**

Nouvèl lavi sa a se chanjman sipènatirèl. Sa vini sou yon moun men ak pouvwa e enfliyans Bondye. Se Levanjelis Jan ki eksprime verite sa a. Nouvo lavi sa a se yon chanjman sipènatirèl. Li vini nan yon moun pa avèk efò pèsonèl men avèk pouvwa e enfliyans Bondye. Levanjelis Jan eksprime verite sa a (Jan 1:12, 13). Bondye pa bay nouvo la vi a yon moun ki pa vle li, oubyen ki pa vle chanje. Bondye ofri Sali a, men li pa fòse pèson resevwa li. Bondye pa detui ni chanje chwa nou pou nou aksepte oubyen rejete òf li fè nou.

Pou nou fè eksperyans rejenerasyon, nou dwe rekonèt bezwen nou pou yon nouvo lavi. E ke Jezi se sèl mwayen Sali a (Jan 14:6; Ak 4:12). Sa enplike ke rekonèt enfliyans yon moun se rekonèt enfliyans ou. Sa enplike rekonèt eta pechew, peche ou komèt e sa ou omèt[10] (Wom 3:23; Jak 4:17) e tounen vin jwen Jezi nan yon vrè repentans ak konfesyon. (Rom 10:9-13). Kom rezilta, wa fè eksperyans yon nouvo lavi nan Jezi (Rom 6:23).

Moun ki gen matirite yo kapab kenbe relasyon pèsonèl avèk Jezi, yo kapab pran responsabilite yo devan Bondye. Yo kapab konpran eta pèsonèl peche yo e repon Bondye nan tout endepandans.

Nou dwe rekonèt ke se peche nou ki separe nou ak Bondye, e nou dwe repanti. Repantans vle di volonte pou konfese peche nou e pou nou detounen de mòd lavi sa a. Avèk repantans nou jwen padon Bondye (Ak 3:19). Atravè yon repentans sensè a Bondye, Christ vini nan lavi nou e fè nou tounen yon lòt moun. 5:17).

**JUSTIFICATION: A NEW STANDING BEFORE GOD**

Nou kwè ke jistifikasyon vini ak lafwa nan Kris e ak èv li sou kwa a, se pa ak zèv lalwa ni merit yon endividi.

Nou kwè yon moun vini nan bonjan relasyon avèk Bondye pa mwayen èv Jezikri sou kwa a. Jezi restore relasyon ant pechè a e Bondye (I Timothy 2:5). Bondye declare pechè a jis akoz sakrifis Jezikris la.

Ansèyman jistifikasyon pa mwayen lafwa sèlman, separe lakretyente biblik ak tout lòt relijyon. Tout lòt relijyon yo anseye plizye kalite jistifikasyon devan Bondye ki baze sou zèv ak merit moun nan.

Labib prezante jistifikasyon pa lafwa nan Jezikri sèlman e nan gwo sakrifis li sou kwa a. Jistifikasyon se yon deklasyon legal kote moun ki an fôt la pa pase kòm koupab paske li te plase konfyans li nan lanmò Kris la, pa sou pwòp inosans li. (Rom 4:5).

Jistifikasyon se aksyon Bondye kote li dekclare pechè a jis baze sou san Jezi. Jistifikasyon rive an menm tan ak rejenerasyon e li mete pechè a nan bon jan relasyon avèk Bondye. Moun ki repanti a li klin anegad peche, libere anba penalite e li konsidere tankou yon moun ki dwat devan bondye (Filip 3:9)

Jistifikasyon an li pa baze sou efò lòm. (Gal 2:16). Se yon kado gratis nou resevwa pa mwayen gras Bondye an repons a fwa nou. Tout egzijans lalwa akonpli nan Kris.t (Rom 5:19).

Nou kwè ke Labib revele kèk rezilta jistifikasyon "Remisyon vle di ke kwayan ki jistifye a libere de tout egzijans lalwa. Yon moun ki jistifye pa mwayen lagras li lib ak JeziChris (Romans 3:24). Se pa jis yon padon men yon deklarasyon ki fè konnen ke pechè a pa koupab ankò, peche li efase, peche a jwen padon, li lib.

"Restorasyon" vle di ke yon moun reprezante pa Kris. Jistis li vin tounen jistis ou. Lafwa nan Kris rann nou pafè nan je Bondy. Se kòmsi moun sa a pat janm peche. Kounye a Bondye aksepte moun sa a tankou sil pot ko janm peche "Bondye te bay Jistis" vle di Bondye fèl a koz zèv e prezans li nan kwayan an. (I kor 1:30). Yo mete jistis nan kont nou ki soti nan Jezikri." Nou tap viv nan peche, kounye a Bondye konsidere nou kòm jis akoz sakrifis Jezi sou kwa a. .Akoz de deklarasyon legal sa, yon kwayan jistifye e li konsidere tankou pitit Bondye(Jan 1:12, Gal 4:4-5).

Nouvèl relasyon sa a baze sou chanjman pozisyon. Jezi te pran plas pechè a. Jijman sa a te pwononse sou kwa a. Jezi te krisifye nan plas nou. Lè yon moun kwè nan Jezi, li kanpe kounye a nan jistis Jezi, Genyen yon chanjman pozisyon (2 Kor 5:21).Nan moman jistifikasyon an, kwayan an resevwa adopsyon, li rantre nan fanmi Bondye. (Rom 8:15). Tout benediksyon Bondye te genyen pou pitit li yo rasanble ansanm nan rezireksyon ko, yo tout vin pou kwayan an..

1

**Sanctifikasyon: yon lavi apa**

Nou kwè sanktifikasyon se èv pataje Bondye avèk kwayan an, yo mete ansanm lavi yo ak volonte Bondye poufè yon sèl avèk volonte Bondye.

Pou sanktifye nenpòt bagay, se declare li sen e li pou Bondye konplètman. Abilite Bondye bay pou nou kapab genyen yon stil lavi ki sanble avèk lavi Kris atravè relasyon ant kwayan an e Sentespri ki abite nan kwayan an. (Jan 14:26; Gal 5:22-23) e non nan efò lòm (Gal 3:3). Sanktifikasyon se yon pwosesis ki long apwopriye chak jou ak avi Bondye. Pandan sanktifikasyon li pa konplè ditou, kwayan ka toujou fè kèk eksperyans nan kè li gras ak Sentespri.nan kè kwayan an kap kondwil poul Mennen yon lavi ki pi sen kote Bondye ak Sentespri gen priyorite (1 Jan 3:2). Glorifikasyon se fen pwosesis sanktifikasyon[11] (1 Kor 15:42-57, Ef 4:1, Kol 3:1-17).

Nan ansyen Testaman sanktifikasyon te sitou itilize pou mete yon seri plas, jou, sezon, ak objè apa pou adore (Jen. 2:3; Lev. 27:14; Exòd 19:23; 39:32-34). Sepandan nan Nouvo Testaman, sanktifikasyon enplike yon sovè ki te konplètman apa pou Bondye jiskaske sa ki te kwè nan li te kapab sanktifye.(Jan 17:17-22). Sanktifikasyon se yon pwosesis konsekrasyon moun ki déjà rejenere ki aple pou rete apa (Rom 1:7).

Sanktifikasyon rive yon fason enstantane e similtane avèk rejenerasyon an[12] e sanktifikasyon li pwogresif, li se yon kwasans kontini ant gras, verite e relasyon avèk Bondye (Tit 2:11-14; 2 Pier 1:5-7). Sanktifikasyon li reyèl nan tout moun ki gen Sentespri abite nan yo, moun sa yo yap delivre konplètman anba peche nan moman glorifikasyon an. Gala 3:26-4:6).

Jistifikasyon se Bondye ki enpite èv li a nan nou menm. Sanktifikasyon se Bondye ki mete nou apa. Jistifikasyon vle di Bondye declare nou jis (se yon ak legal)[13]. Pandan ke jistifikasyon referel a chanjman de stati devan Bondye, sanktifikasyon referel a chanjman nan nou nan relasyon nou ak Bondye (1 Kor 3:16). Chanjman sa a komanse nan moman rejenerasyon an lè kwayan an resevwa Sentespri e reyalize li nan yon kwasans kontini pou rive nan lavi ki sanble ak Kris la. (Rom 8:29-30). Sanctifikasyion mache ak rejenerasyon. Rejeneration mache ak nouvèl nesans.

**Nou kwè se yon privilèj e responsabilite yon kwayan pou menen yon lavi sanktifikasyon**). Se yon komandman, men sa enplike ke kwayan an dwe chwazi poul viv sen. Nou kontinye viv tankou moun kap fè pwomosyon pou lamoral a travè pwosesis atravè pwosesis sanktifikasyon an. Sentete pa vle di pèfeksyon,ou byen nan sans sa a nati perechess nou ta disparèt. Peche ak tout nati pecheress nou kontinye viv nan lavi nou (Wom 7:17); Gala 5:17). Poutan Bondye vle pou pèp li sen e kwayan yo dwe deside pou bay priyorite nan lavi yo ak Sentespri pou yo ka viv sen. Donk sanktifikasyon nan lavi kwayan an se yon pwosesis kel chwazi pou Sentespri ka kapab kontrolel pandan li nan nati peche a.

Vi sanktifikasyon an posib Sèlman lè kwayan an fè eksperyans bay sentespri priyorite nan lavil toutan.Se pa ke kwayan an resevvwa plis Sentespri, Sentespri a te toujou la disponib a san pou san, disponib pou tout kwayan. Li jis genyen priyorite kounye a nan la vi kwayan an ..Efez. 5:18).

Disp Jezikri yo depann de pouvwa Sentespri e de ed ke Sentespri bay pou pwodwi lavi Kris la nan nou.(Woman 12:1-2; Gala 5:22-26). Yon vi sanktifikasyon se privilèj ak responsabilite kwayan an paske lap pote onè ak glwa pou Bondye.

**THE CHURCH**

**Nou kwè legliz la se kò Jezikri.**

Legliz la egziste sèlman pa mwayen gras Bondye, e travay Jezikris sou kwa a. Li konpoze de tout moun ki aksepte Kris kom sovè pèsonèl e senyèl. Li konpoze de tout moun ki te reponn ak apèl sentespri pa mwayen lanmou pou sove lòt yo. Souvan yo rele legliz la pèp Bondye. Kwayan yo, yo rele yo pèp ke Bondye te chwazi, yon sèvis wayal, yon nasyon sen yon pèp ki pou Bondye" (I Pier 2:9). Youn nan imaj siyifyan nan sent ekriti se imaj legliz ki se kò Kris la. Wom 12:3-8; 1 Kor 12:12-27; Ef 4:4-16). Lentespri fè yon travay enpòtan nan kò Kris la. Menm si nou ka diferans pa rapò ak don espirityèl yo, oubyen pozisyon sosyal. . Lè manm yo separe yo sanble yo fèb, men tout endispansab.[14] Inite kò Kris la pa vle di ke tout manm yo sanble, men yo fè,"yonsèl seyè, yon sèl fwa, yon sèl batem, yon sèl Bondye,yon sèl papa ki o desi tout e nan tout. (Ef. 4:5-6). Oken kretyen paka viv separe ak kò kris la menm jan yon men oubyen on pye paka viv separe ak kò a. Kris se tèt kò a.(Kolos 1:18). Tout vrè Kretyen repon li kòm seyè. Moun ki sou lobedyans Kris yo rekonèt ke yo se tan Sentespri e ke sentespri abite nan yo (1 Corinthians 3:16).

**Nou kwè Bondye rele e li ekipe gason ak fin nan ministè ak lidèchip pou Kris.**

Nou kwè lè Bondye rele e li bay don se esansyèl baz ou byen kondisyon pou nou sèvi legliz e fè leadership. Lapot Paul bay yon referans Kle a tout moun ki an zafè ministè pa gen diferans ant maskilen ak feminen, ant kilti ant ekonomi, ideoloji politik, nan kesyon Sali ak sèvis (Gal 3:26-29).

Nou kwè Nouvo Testaman bay yon posibilite ak tout moun pou sèvi kris nan legliz la. Baze sou apèl e don Bondye. Sa vle di tout moun ta dwe lib pou sèvi bondye swivan jan li dirije nou e fè sa pou non li ka glorifye.

**Nou kwè legliz se yon kalite lanmou fratènel.**

Kalite lavi nan kris pi byen eksplike nan tèm "fellowship" Mo nan ansyen Testaman pou fellowship" se koinoia, ki sigjere yon relasyon pwofon ak papa a, pitit la ak sentespri. (1 Jan 1:3; Fil 2:1-4).

Adorasyon odinè enpòtan pou etabli e kenbe kominyon fratènèl. Premye Kretyen te lage kò yo an ansèyman apot yo, nan manje ansanm e priye ansanm (Ak 2:42). Kretyen dwe mete tèt yo ansanm pou ankouraje youn lòt pou ede youn lòt, pou nou youn pote fado lòt, pou nou montre amou youn pou lòt (Heb)s 10:25; Gal. 6:2).

Legliz nan Nouvo Testaman se se yon yon fanmi nan la fwa, se fanmi bondye. Ef 2:19; Wom 12:10). Relasyon ant mari ak madanm te konpare ak a lamou ant kris ak legliz (Ef. 5:21-33). Yo raple ak tout kretyen ke moun ki renmen Bondye dwe renmen frèl tou. (1 Jan 4:21).

**Nou kwè bi legliz la se pwoklame misyon redanmsyon Bondye.[15]**

Nou kwè bondye òdone legliz pou deklare èv redamsyon Jezkri. Nou kwè legliz fè sa a pa mwayen adorasyon,, kominyon, evanjelizasyon, fè disip, e fè sèvis. Nan adorasyon, nou repon padan nap bay bondye glwa. Nou kanpe nou selebre pouvwa Bondye e nou selebre lanmou li pou nou.Nou repon pandan nap bay Bondye glwa, onè, e louwanj atravè mizik, temwayaj, priyè, e lekti ak anseyman pawòl.Som 95:6-7). Nan kominyon fratènèl, kwwayan yo reyini ansanm fè pwomès yo ansanm, nan lamou ak nan la jwa. . Nan evanjelizasyon, nou mande Sentespri pou li ajoute a legliz sila yo ki pa mwayen gras Bondye te sove gras a Jezi. Nan kesyon fè disip, nou swiv apèl pou nou anseye e obeyi a tout sa li te mande nou fè. Nan sèvis nou pran swen youn lòt,

e nou chechè rankontre bezwen fizik, mental, emosyonèl,sosyal e ekonomik. (Akt 2:42-47, 4:32-37)..
Jezi mande legliz pou fè disip tou patou sou tè a. Nou klè nou gen apèl pou nou pataje bon nouvèl nan tout kilti, pami tout moun sou tè a. (Matt 28:19-20). Bi prensipal Legliz la se pwoklame mesaj delivrams la jouk nan bout tè a. (Act 13:47).

Nou kwè Jezi chwazi poul poul fè travay rekonsilyasyon fondamantalman pa mwayen kò li ki se legliz..

Pa mwayen Sentespri a, Jezi kontinye angajel aktivman nan travay nouvèl nesans la atravè nou menm, pandan nap fè eksperyans, pwoklame, e demontre amou li. Bondye enkli nouvèl kreyasyon li a, legliz, nan pwosesis apèl e rekonsilyasyon mond la ak limenm. (2 Kor 5:17-19).

Pandan nap pote bon nouvèl la nan mond la, e demontre amou li e gras li nan reyalite lavi nou, nou kreye yon kontèks lanmou kote rekonsilyasion li a ak tout re-kryasyon mond la kapab rive posib. (Mat 5:23-24). Legliz la, kòm ekspresyon vivant reyalite redanmsyon an, kapab ofri yon ti opòtinite nan mond sa a pou fè eksperyan amou enkondisyonèl Bondye. Jan nou wè moun vini e jwenn bon akèy, nou kapab tande yo e afime yo kòm moun ki valab e inik, kit nan imaj Bondye. Nan relasyon ak kè Kris la, yo ka fè eksperyans ke gerizon kè a ak nanm nan paka fèt oken lòt kote (1 Jan 4:7-16). Kidonk, Legliz la pa mwayen bon nouvèl la, kapab detèmine pou fasilite rekonsilyasyon ant pèp sou la tè yo, menm si ta gen baryè kiltirèl, sosyal, ekonomik etc.

Legliz la tou kapab ofri yon atmosfè ki ka pèmet moun yo fè eksperyans vrè relasyon nan lanmou. Yo ka kòmanse dekouvri laverite sou pwòp tèt pa yo, yo ka jwen opòtinite pou konsidere tèt yo kòm moun Bondye refòme, kap grandi pezape pou yo kapab mwayen pou gras ak rekonsilyasyon an fè wout yo. 2 Tim 2:1; 2 Pie 3:18).

Pwiske Jezi ap konstwi yon sèl legliz, li travay e li entesède pou fè nou vrèman yon sèl.. Byen ke gen anpil bagay ki distenge nou ak lòt frè ak sè nou yo ki nan lòt denominasyon,, Jezi rele nou pou nou viv nan la fwa nou te resevwa, e pou nou ofri libète ak gras, nou te resevwa, pou nou ofri libète ak gras ak sa yo ki swaf menmjan yon jou nou te resevwa tou. *"Se pou yo tout fè yon sèl, Papa, menm jan ou menm avèm fè yon sèl, jis jan ou nan mwen, mwen nan ou. Se pou yon an nou tou pou lemond kapab wè se ou kite voyem"* (Jan 17:21*)*.

**Nou kwè legliz Lokal la se yon pati nan kwayan Legliz Kretyen nan**

Nou kwè ke legliz Kretyen se tout tout kwayan an Jezikris yo ansanm, ki li menm se sèl fondatè e sèl tèt legliz la. Legliz se union tout kwayan yo an Jezikris ki se sovè nou e seyè nouyo ansanm. Seyè a vle pou chak moun rive gen konesans Ke Jezi se sèl sovè (1 Tim 2:3-4).

Legliz la se efò kolektif tout legliz local yo pou patisipe nan avansman wayòm Bondye. Legliz lokal yo ap chèche sèvi amoni ant tout kwayan yo pou wayòm nan ka avanse efektivman. Legliz la pran plezil nan yon inite spesyal. Priyè Jezi te fè pou legliz sete pou legliz la kapab ini fè yon sèl.Jan 17:21). Byenke gen diferans, gen inite nan legliz se lanmou pwofon ki nan jezi ki inifye legliz la. (Kol 3:14).

**Nou kwè ke Legliz dwe aplike prensip biblik yo.**

Atravè istwa li, Legliz Dedye Jeneral Konferans toujou ensiste pou yon doktrin ki solid, ki se baz yon teyoloji kretyen. Doktrin rejenerasyon lelgliz la, òdonans yo, gouvènman legliz la, ak

disiplin nan legliz, yo tout yo afekte pa mwayen doktrin li. Sa ki esplike ou gwo enpòtans prensip bilik yo..
Legliz Dedye Jeneral Konferans, mete aksan sou yon legliz ki korèk. Yon etid sistematik de laBib revele ke non sa a " Legliz Dedye" se li ki pi bon"(1 Kor1:2 ak lòt ankò.); ke systèm presbiteral la[16] systèm ansyen[17] (Ak 14:23) e dyak yo[18] (1 Tim 3:10) se bon jan fòm biblik pou gouvènman legliz. Ke la nouvèl nesans pa mwayen jezikri se sèl mwayen pou antre nan legliz la (1 Jan 5:1-5).

1

**Odonans yo: Sèvis pou nou ka sonje**

Nou kwè ke Jezikris te bay legliz twa Odonans diven. Mo òdonans la vle di, « refrera yon pratik ou seremoni ke yo te kòmande pou obsève.

Bondye te rekòmande pèp li pou konsève kèk fèt yo dwe toujou selebre pou sonje yon evènman, yon òdonans ki la pou tout tan (Egz. 12:14). Depi lontan jiska jodia pèp Israèl la toujou kontinye ap selebre anpil fèt ak rityèl pou sonje kijan Bondye te konn delivre. Nan sans sa a legliz tou selebre kèk fèt pou glorifye Bondye pou kèk ak li poze nan domèn Sali a ou nan kad nouvèl alyans la pa mwayen Jezikri. Menm jan pèp Israèl la te resevwa lòd pou selebre yon seri dat, tout kretyen toupatou sou tè a dwe komemore evènman jezi te mande pou nou selebre. Lè nou baze sou lòd Jezi te pase e sou egzamp pèsonèl lit e bay, Legliz Dedye Jeneral Konferans pratike twa(3) odònans pèpetyel: Lavman pye, lasent sèn (kominyon), batèm. Remake nou di òdonans e non sakreman. Nou pa di sakreman paske nan developman istorik li, yo te konsiderel kòm yon kondisyon anplis pou sove.

Bondye Sèlman beni moun ki patisipe nan seremoni say o (Jan 13:17), men Sali vini Sèlman lè ou kwè nan Jezikri (Rom 10:9,10) Kidonk, pratike òdonans yo pap fèw sove, ni konsève Sali a, ni li pa yon kondisyon pou ou kapab manm nan Legliz Dedye Jeneral Konferans. An plis de sa, nenpòt vrè kwayan an jezikri kapab vini e patisipe nan òdonans sa yo san li pa yon manm. Twa odònans sa yo fè nou sonje istwa Sali a an Jezikri, soufrans li ak glorifikasyon li. (Fil. 2:6-11. Yo fè nou sonje misyon Jezikri e rezireksyon li. Yo fè kwayan yo sonje tout apèl yo genyen pou sèvi, redanmsyon yo ak viktwa yo sou peche ak lanmò pa mwayen Jezikri. Pwoche tablo a li rezime ki sa yon òdonans ye, fondasyon biblik ak leson li anseye sou Jezikri e la vi kreyen. Twa òdonans sa yo youn konplete lòt. .

**Odonans la:** lavman pye, Lakominyon Batèm

**Egzanp Jezi** Jan 13:1-11 Lik 22:14-20 Mat 3:13-17

**Rekomandasyon** Joan 13:12-17 Mak 14:22-26 Mat 28:16-20**s:**

**Siy senbolik** dlo & Basin pen ak diven dl ak sevyet

.

Philippians 2:1-11 1 Kor 11:23-26 wom 6:1-7

**Leson teyolojik** **Enkanasyon ak ministè piblik** krisifiksyon ak lanmò, rezireksyon

Jan 1:1-14 1Kor 10:16 Wom 6:8-14

**Aplikasyon Pesonèl** **Pirifikasyon** Sali temwen nouvèl nesans, obeyisans

Mat 20:25-28 Gal 2:20 Kolos 2:11, 12

**Obsèvasyon fomel:** Legliz selebre chak òdonans yo nan yon sevis adorasyon ki onore Jezi e ki fè nou sonje gwo delivrans la. d

**BAPTISM**

Nou kwè nan odònans batèm kom selebrasyon nouvèl nesans noun an Jezikrikris.
Batèm se yon odònans legliz la e li esansyèl pou obeyisans a lòd Jezi te pase. Jezi te odòne disip li yo pou yo ale fè disip nan tout nasyon epi batize yo(Matt 28:19).
Batèm se yon senbèl eksteryè de yon gras enteryè. Lè nou kwè e bay tèt nou a Kris, lavi nou chanje, e Kris ap viv nan nou. Bondye aksepte nou, li padone nou e li ba nou direksyon pou nou viv. (2 Kor 5:17. Batèm reprezante lamè, antèman e rezireksyon Seyè a. Kwayan yo patisipe nan pwosesis diven sa a.Wom 6:3-14).
Odònans batèm se yon senbòl piblik. Lè nou batize nou bay yon temwayaj piblik ke nou aksepte Kris e nou pwomèt fidelite nou.(Ak 10:47, 48).
Nou rekonèt relasyon ki egziste ant batèm kwayan yo e batèm Jezikri Byenke Pawòl Bondye anseye ke Jezikri te san peche, sepandan li te soumèt li a batèm Jan tap selebre Mtthew 3:15).
Nou pratike batèm kwayan

**Nou pratike batèm Kwayan an**.
Moun ki mete konfyans yon nan Kris e ki eksprime deteminasyon yo pou yo swiv li yo elijib pou resevwa batèm. Legliz primitive konsidere konfesyon ak repantans kom kondisyon pou batize (Acts 2:38; 8:36). Pwiske batèm nan vini apre dekarasyon lafwa e pwomès fidelite a Kris, sèl kwayan kalifye pou resevwa batèm.
Pwiske nou kwè se Sèlman moun ki repon pozitivman a lapèl Bondye kap sove, Legliz Dedye Jeneral Konferans pa wè nesesite pou pratike batèm ti moun. Nou kwè sa yo ki poko gen laj pou pran responsabilite yo gen sekirite nan gras Bondye (2 Samuel 12:33; Mat 18:10-14). Nou kwè ke ti moun yo benefisye kominyon fratènel nan legliz ak lakay paran yo. Paran yo fè byen lè yo prezante yo legliz pou Bondye beni yo Lik 18:15-17).

**Nou kwè ke form biblik batèm se pa mwayen imèsyon**.[19]
Labib di imèsyon se fom batèm ke Jean-Baptis ak lòt apot yo te konn pratike (Mat 3:6, 16; Mark 1:5, 10; Acts 8:38, 39).Eksplikasyon Paul sou siyifikasyon senbolik batèm nan konfime ke imèsyon se fòm sa a ki dwe itilize. (Wom 6:4). E Sete pratik pa nou pou administre batèm jan li mansyone nan Mat 28:19 nan non papa a, ak pitit la ak Sentespri a.

**Lavman Pye**

**Nou kwè nan odònans lave pye kòm yon selebrasyon enkanasyon.[20]**

Nou sonje nan òdonans sa a ke Jezikri se lapawòl ki tounen lachè pou abite pami nou (Jan 1:14). Pandan Jan tap dekri sa kite rive nan chanm an lè a (chamber Haute), li afime enkanasyon Jezikri (Jan 13:3-4). Nou konprann òdonans sa a reprezante Jezi ki abandone glwa li poul tounen yon moun, e volonte li pou pran fòm yon sèvitè (Phil 2:7-8).

Chak kretyen genyen yon fòm enkanasyon. Nou kwè lè yon moun fèt yon lòt fwa, li ranpli ak Sentespri ki abite nan lavil (1 Jan 4:4).

**Nou kwè lavman pye fè nou sonje apèl nou vini sèvitè.**

Kòm kretyen, nou resevwa apèl pou nou debarase pou nou tounen sèvitè Seyè a. Nan òdonans sa a, nou komemore siyifikasyon lavi Jezikri ki se yon vi sèvis. Jezi te fè sa klè nan la chabre Haute" lè li te lave pye Disip li yo (Jan 13:12-16).

An palan konsènan disip yo kite enkyè pou pozisyon ak pouvwa, konsènan kilès kite gen plis pouvwa ak otorite, Jezi te di yo moun ki vle premye dwe sèvi tout lòt moun menm jan li menm li sot sèvi a e sakrifye lavil pou lòt (Mak 10:43-45).

Paul te konseye legliz pou konsève pawòl la e swiv Jezi kòm egzanp. (Phil 2:1-8). Kèlkeswa pozisyon noun nan sosyete a, lave pye youn lòt, fè kretyen sonje vokasyon nou pou nou sèvi youn lòt tankou frè ak sè

**Nou kwè odonans sa a se ekspresyon amou nou youn pou lot..**

Lè Jezi te lave pye disip li yo nan la 'chambre Haute", Jean declare aksyon sa se ekspresyon lanmou Mèt la , e sa enkli jida, kit e desi Jezi e kite trayil (Jean 13:1).

Lè Jezi te fin lave pye disip li yo, lite ba yo yon nouvo komandman pou yo renmen youn lòt menm jan li renmen yo e lit e sakrifye lavil pou yo, pou le mond kapab konnen yo se disip li. (Jean 13:34-35). Amou sa a youn pou lòt li esansyèl pou lanmou ak lavi legliz la.

**Nou kwè odònans la fè nou sonje nesesite pou nou sèvi e poun jwen sèvis**

La vi kretyen se yon pèlerinaj.(Heb 13:14). Pandan nap deplase pou nou ale nan site selès la, nou bezwen you lòt e nou genyen privilèj ak responsabilite pou nou youn sèvi lòt Gal 6:2) Nou dwe ede lòt yo pote fado yo. Kèk fwa li pi difisil nan legliz pou nou kite yo sèvi nou ke nou sèvi 6:2).

Nan lavi pafwa nou fwase moun pafwa yo fwase nou. Kèk fwa nou echwe kèk fwa nou victim de movèz fason lòt moun aji. Nou bezwen padon menm jan nou dwe padone lòt moun. Yo te rele nou pou nou tankou Kris ye pou chak moun. Odonans sa a fè nou sonje ministè nou kòm kretyen li kontinyèl. Odonans sa se yon bèl sinbòl nan sa ki rele sipòte youn lòt.

**Nou kwè òdonans sa a ede nou prepare nou pou la kominyon.**

An jeneral seremoni lave pye toujou mache ak seremoni la kominyon. Li ka ede nou apwoche bò tab Seyè tou prepare, nan bon jan relasyon ak Bondye e ak frè ak sè nou yo(Mat 5:23-24). Sepandan, òdonans lavepye li posib menm lè nou pap kominye. Selebrasyom enkanasyon, raple ke kreyen an genyen poul sèvi, nesesite pou kretyen an eksprime lanmou kretyen an, afeksyon ak opòtinite pou sèvi e pou lòt sèvil tout prezan nenpòt kilè nap obsève òdonans sa a.

**Manje Seyè a**

Nou kwè nan òdonans batèm nan tankou yon selebrasyon redanmsyon nou.
Jezi te etabli la sent sène jou swa avan krisifiksyon li pandan fèt pak la (Like 22:7-23). Selebrasyon fèt pak la fè nou sonje delivrans Izraèl nan esklavaj nan peyi Egypt). Egzod 12 ;24-27) Pou Kretyen an, repa Seyè a fè nou sonje redanmsyon Kris pandan etablisman Nouvo Kontra. Jezi te transfòme repa paskal la an yon repa memorial pwòp tèt pal pou kwayan yo. Jezi li menm se mouton Bondye kite retire pechè sou tè a. (Jan 1:29).

Nou kwè entansyon òdonans sa a se poute raple nou lanmò kris pou peche nou. Nou jwen repa Seyè a a nan twa(3) Levanjil (Mat 26 :26-29) Mark 14 : 22-25, Like 22:19,20)
Pasaj sa yo revele nou ke pen an reprezante kò Jezi, ke li te ofri pou nou. Koup la li te pase bay disip li yo senbolize san Jezi kite koule pou limanite (Heb 9:22). Lè Kretyen yo resevwa pen an ak diven an, sa fè yo sonje ke peche yo padone gras a lanmò Kris la.

Repa Seyè a li se yon ak obeyans tou ak adorasyon Christ. Apot Paul te rele pawòl Jezi yo pou te idantifye pen ak kò Jezi, Koup la ak san li, Nouvo kontra a te posib pa mwayen san Kris.Heb 9:14, 15). Jezi te òdone pou nou manje e bwè nan eleman say o pou sonje lanmò li (1 Korinthians 11:24-25).
Men patisipe nan repa Seyè a plis ke yon aktivite kote nou sonje sakrifis kris la Paul afime ke li pat Sèlman temwen, men tou lite endike ke Jezi ap retounen nan tan kap vini yo. Kor 11:26). Kidonk, li se yon avangou gwo seremoni nòs mouton[21] (Ap 19:9).

Nou kwè ke repa Seyè a se yon pwoklamasyon esperans Kretyen kwè ke Jezi ap vini pou disip li yo, legliz(1 Thes 4:16-18). Lè pèp Bondye a resevwa pen ak diven nan repa seyè a, Pèp Bondye a temwaye ke yap tann ak enpasyans poul tounen pou yo ka fè eksperyans faz final redanmsyon an (Tit 2:13-14).

**Nou kwè repa Seyè a disponib pou tout Kretyen.**
Pou ou patisipe nan repa seyè a, nou dwe genyen yon relasyon pèsonèl ak Jezikri. Nenpòt moun ki konfese Jezi kòm sovè e Seyè, li elijib e li envite poul patisipe ,menm sil pata manm yon sèten legliz. Pa gen kondisyon laj pou ou patisipe. Patisipasyon jèn yo ak ti moun yo depann de paran yo. Pandan ke patisipasyon nan la sentsen nan se yon selebrasyon ou yon komemorasyon,, repa Seyè a dwe obsève ak desans . ( nou dwe fete repa segnè a nan bon condisyon )t[22] (I Kor 14:40).
La Bib anonse klèman ke patisipasyon nan repa Seyè a dwe fèt yon aprè egzamen pèsonèl trè pwofon. (1 Kor 11:28). Egzamen pèsonèl vle di tou pwomès pou rete fidèl a Kris, konsyans de sa Jezi te fè sou kwa a, genyen yon rega lanmou pou kò kris la . (1 Kor 11:17-32).
Frekans pou lè nou selebre repa Seyè a rete sou diskresyon legliz lokal, men nenpèt lè lap fèt, se tout kretyen sou plan local e inivèsèl..

PREZENTASYON TIMOUN POU BENEDIKSYON SEYE A

**Nou kwè ti moun se kado Bondye**.
Labib anseye ke ti moun yo se kado Bondye.
Labib anseye byen klè timoun se don presye Bondye (Jen 33:5; Som 127, Ps 128. Som 127 128). Bondye onore tout moun Som 139:13-16; Jerem 1:5).

Nou panse nou dwe swiv egzanp Jezi nan sa ki konsène ministè ti moun. Jezi te manifeste apresysyon pwofon e konpasyon li pou ti moun (Mat 19:13-15) legliz dwe fè menm jan an tou. Jezi konsidere yon ti moun kòm yon egzanp poul te ka montre kilès ki pi gran nan wayòm Bondye a. (Mat 18:1-4) e li avèti pou pèson pa kondwi yon ti moun nan sans pou fèl pèdi chemen li (Mat 18:5, 6).

Nou kwè ti moun fè pati kominote lafwa. Ti moun ki fèt nan fanmi moun ki kretyen, li fè eksperyans lamou Bondye pa mwayen swen ak afeksyon paran li e legliz kote yo pèsèvere. Li fè sans pou paran mennen ti moun yo lakay Seyè a pou prezante yo.(1Samuel 1:27-28; Like 2:22). Dedikas sa a rekonèt patisipasyon yon nan lavi fanmi Bondye a.. Nan sèvis sa a yo mete ti moun yo apa pou Seyè a.Kongregasyon an metel ansanm avèk paran yo pou pwomèt pou ede ti moun yo grandi nan lafwa. .
Seremoni prezantasyon ti moun nan Legliz Dedye Jeneral Konferans, se pa yon sakreman ni yon deklarasyon la fwa . Gras Bondye kouvri yon moun jiskaske li kapab deside li menm pran yon desizyon. Mat 18:10-14). Laj la li diferan pou chak ti moun. Lè moun sa a mouri sil pot ko gen laj, nou kwè moun sa a li ale nan syèl menm prensip la aplike a moun ki pa develop mantalman e ki konsidere kòm yon moun ki andikape (Mark 9:36, 37).

Nou kwè paran responsab pou matirite espirityèl timoun yo. Ansyen ak nouvo Testaman dirije paran yo pou leve pitit yo ak disiplin e bon jan enstriksyon. (Pwov.s 22:6; Ef 6:4). Labib egzije paran yo pou anseye timoun yo ak pawòl e bon egzanp (Det. 4:9; 6:5-7). Lè nou prezante ti moun nan pou benediksyon Seyè a, paran yo tou prezante tèt yo ak tout timoun nan pandan yap declare piblikman vèy o pou leve timoun daprè plan Bondye.

Nou kwè ke legliz responsab pou matirite espirityèl ti moun say o ki prezante pou benediksyon Seyè a.
Ti moun yo bezwen yon relasyon ki cho avèk paran yo, konsa tou, yo bezwen jwen yon relasyon konsa nan legliz.yon . Chalè sa a li bon e pou timoun yo e pou paran yo. .Sa mande plizyè kalite aktivite edikatif ak ankourajman (Heb 10:25). Manm kongregasyon an dwe sèvi tankou modèl pou paran ak ti moun yo pandan yap demontre sa sa vle di lè yon moun se kretyen (Jan:34, 35; 1Tes 5:11).

**Misyon Global**
**Nou kwè se Bondye ki vini ak kesyon misyon an.**

Nou kwè se Bondye ki vini ak kesyon misyon an. Misyon se lè "yo voyew' Se pa legliz ki te komanse sa. Men se Bondye ak Lespril li fè sa nan mond la pa mwayen moun pal yo. (Ak 1"4-8 11'4-8 11"12-18. Li se yon Bondye misyon ki te toujou ap travay poul te ka fè moun konnen li nan mon la. Ak 1:4-8; 11:12-18). (Romans 1:19; Acts 17:24-27).

Depi Bondye te rele Abraham ak tout zansèt li yo pou yo te ka yon benediksyon pou nasyon yo, Bondye chwazi moun e pa mwayen yo li beni lòt (Jen 12:3b). Tout labib dekalre kòman Bondye gen ke pou nasyon yo (Exod 9:16; Isaiah 49:6; Malachi 1:11; Mat 24:14; John 3:16-17; wom 15:8-12).

Nou kwè Legliz repon a apèl Bondye, sou plan local e sou plan global. Jezi te bay disip li yo lòd sa a ".fè disip nan tout nasyon (Mat 28 :19). Pita li te anplifye ajenda a lè li te ajoute ke Sentespri ap anvlopew pou kapab temwen pou lemond antye Ak 1:8). Legliz te pran nesans a Jerisalem (Act 2) men tou swit lite repann an Judee (Akt 8:1; 9:31), Samari (Ak 8:4-25) e jis kote te a fini (Wom 1:5-8; 15:17-20). Legliz la resevwa apèl poul adresel a on seri defi sou plan jeografik, ak kiltirèl.-—Jerusalèm, Jude, Samari e jouk nan bout latè-an mem tan pa sou yon frekans kèlkonk.[23]

Bondye te bay premye dsip yo pouvwa pou yo te ka fè bon travay, sèvi kòm temwen rezireksyon Jezikri avèk mesaj sa a: "Repantans ak padon peche....*Preche nan non Jezi a tout nasyon yo, kòmanse nan Jerusalem* (Luke 24:46-49). Yo te rele nou pou nou te "sou mission" nenpòt kote nou ta ye, nou se reprezantan wayòm nan avèk yon mesaj bòn nouvèl (Jan 3:16). Jezi te di disip li yo te dwe "sèl tè a ak limyè mond la. (Mat 5:13-16). Nou temwaye pou Kris ak pawòl nou epi ak aksyon nou kòm prèv ke Jezi ap viv nan nou e travay nan nou (Phlip. 2:15).

Nou kwè chak kwayan e chak legliz nan chak nasyon resevwa apèl pou patisipe nan fè disip.

Tout pitit Bondye kèlkeswa matirite espirityèl ou oubyen ministè nou, nou gen pou responsabilite pou nou se anbasadè Jezikri (2 Co 5:20). Bondye voye nou nan mond la avèk menm manda sa a ke Jezi te eksprime " Menm jan papa a te voye mwen mwen menm mwen voye nou (John 20:21). Malgre limitasyon nou genyen, Bondye chwazi travay nan legliz ki fèt pou misyon. Paul ekri ke se pa mwayen Jezi nou te resevwa gras ak leadership. » Gremesi Jezikri sa a, Bondye fèm favè poum travay tankou apot, poum menen moun tout nasyon, nan men Kris la pou yo vin kwè nan li, vin obeyi (Wom 1:5). Sentespri se pouvwa legliz, se li ki temwen li nan mond la.(Ak 1:8). Misyon legliz la se patisipe aktivman kòm pèp Bondye nan sa Sentespri ap fè nan mond la pou sove kreyasyon an ki genyen ladanl opotinite pou chak moun konfese Jezikri kòm Seyè. (Romans 10:8-17).

Nou kwè ke ministè nou yo eksprime patisipasyon legliz nan misyon. Bondye konsène nan chak bezwen nou yo (Esaie 58:5-7; Amos 5:21-24; Mat 25:31-45; Jack 1:27; 2:14-17; I Jan 3:17-18). Nan plizye domen. Bondye repann misyon li nan plizye branch: proklamasyon, misyon konpasyon, don leadership ak sèvis, voye e resevwa misyone, sipòte moun ki ale nan misyon, (Acts 2:41; 8:12-13; 11:19-24; 13); ministe konpasyon. (Acts 5:12-16; 9:32-43); lideship ak (Ak 6:1-7); obeisanss (Acts 8:26-39; 10:17-48: 16:6-10); pryè (Acts 1:12-14; 4:23-31;

**Nou kwè ke bi prensipal legliz se glorifye Bondye**. Dapre sa lòm panse evanjelizasyon local e global se sitou lamou ki motive lòt moun al bay pawòl la ak sila yo ki poko ap swiv Krist..

Antre nan etènite san Kris se rate syèl la. Men nan nivo pa Bondye yon pi gwo motivasyon pou misyon se wè Bondye ap jwen plis glwa.(Woman 15:8-9).

Jezi te konpran ke lit e ka sakrifye sou kwa,, pa jis pou sove lezòm pèdi men pou glaw Bondye . Li te priye nan jetsemane “se pou rezon sa a mwne te vini , mwen e vini nan lè sa a papa, pou glorifye non ou. Apokalips prezante imaj yon pakèt adoratè ki repezante plizyè nasyon, tribi, pèp, lang yo reyini otou tron Bondye pou adorel (Revelasyon. 7:9-10).  Nan pwen saa  tou lède, misyon li ak misyon noun an yon fen..

**Denye bagay (konklizyon)**

**Nou kwe Istwa genyen yon kontinwite.**

Nou kwè ke listwa kontinye jis nan lètenite pase e nan fiti. Bondye etabli orè kijan tout baggay ap fini depi avan fondasyon mond la. Li defini yon objektif pou tout bagay jan sa demontre nan pa mwayen kreyasyon e entevansyon. Demonstrasyon nan entevansyon li fè dan zafè lezòm, dezil pou rekonsilye ak yo map rea daprè orè lit e etabli depi avan fondasyon mond, tout sa ap rive daprè orè Bondye li menm te etabli.pou entevansyon nan zafè mond la.n (1 Corinthians 15:54-57).

**Nou kwè Jezi ap retounen**

Egzakteman, jan pwofesi ansyen testaman le anonse e jan yo te tjwen akonplisman, nou kwè Jezi ap retounen. Ak 1:11; Tit 2:13).

**Nou kwe nan rezireksyon.**.

Nou kwè ke kò moun kite mouri e kite kwè nan Jezikri kòm sauvè ap resisite e transfòme an yon kò glorifye tankou kò Jezikri, nouvo ko glorifye sa yo ap reyini ak nanm yo, ki déjà nan prezans Seyè a pou pase etenite nan plas li tal prepare pou yo (1Thes 4:13-17; 1 Korin 15:50-52; Apok. 20:4-7; Jan 14:1-6).

Nou kwè ko enkwayan yo ap leve tou pou rankontre ak nanm yo epi poufè fas a jijman paske yo te rejete Kris Apok 20:11-15).

**Nou kwè nan jijman Bondye**

Nou kwè moun kite kwè nan Jezi pou sove yo ap kanpe devan Jezikri pou bay rapò travay yo te fè.(2 Cor 5:10).Se lè sa a yo pral resevwa kouwòn Heb. 6:10). Nou kwè jijman peche kwayan yo Jezi te pran yo sou kalvè a e li te padone yo (Heb 10:17).

Nou kwè ke sila a sa yo kite rejte of Sali a e ki pat aksepte Kris, yap kanpe devan gwo twòn blan an, Yo pap wè non yon an liv lavi ti mouton an.Apok 20:11, 15).

**Nou kwè nan glorifikasyon final kwayan yo.**

Nou kwè tout sa ki ka koronpi pap ka antre nan syèl la (1 Cor 15:50). Nou kwè nap rive nan yon sanktifikasyon total, pèfeksyon, ak glorifikasyon lè nap antre nan prezans li. 3:2; 2 Cor5:1;Wom 8:30).

**Nou kwè yon Teyoloji inifye Konsènan etap evènnman ki gen pou rive yo, pa nesesè pou Sali nou**

Nou kwè konpreyensyon endividyèl sou fason dènye evènman yo va rive pa gen konsekans sou fason moun sove ou souè Jezi sou kwa a. Nou kwè gen diferans nan nivo konpreyansyon ki fè sans konsenan lafen. Gen detay ke bib la sipote, genyen kip a sipote avek klat ke yo sipote biblikman, konpreyansyon yo de  details sou kilè e ki jan evènman la fen yo pral dewoule. Nan sans sa a, Legliz Dedye Jeneral konferans pa etabli ou asepte dògm konsènan orè, nati, oubyen sekans evènman sa yo.  Gen moun ki kenbeMenm nan Legliz Dedye jeneral Konferans gen yon grand pati moun ki gen pozisyon diferan.  Nou atann ke tout respekte e montre sajès yo pou asepte lòt moun ak pozisyon yo kèlkeswa wòl yo ta ap jwe.  Nou ankouraje yo pou chèche nan labib ak yon espri de pryè detèmine yon pozisyon endividyèl ke yo ka defann biblikman. Nou ankouraje yo pou diferans ki konsène bagay say o pa sevi okazyon pou kreye divizyon nan ko Kris la ni obstak a travay pwopagasyon levanjil la.

APPENDIX A

Legliz Dedye Jeneral Konferans
Deklarasyon Istorik Lafwa
1844, 1926, & 1975

Legliz Dedye Jeneral Konferans (CGGC) asepte Labib kòm “sèl e Sèlman sèl règ ki sifi nan zafè lafwa e declare ke pa gen kredo ki obligatwa.” Sepandan de tanzantan Legliz Dedye jeneral Konferans apwouve yon dekarasyon lafwa nan sa nou kwè. Deklarasyon sa to sèvi kòm rezime doktrin biblik ke an jeneral nou aksepte ak kominyon fratènèl. Deklasyon sou deklarasyon nou rive baze sou bezwen ak defi teolojik nan epòk yo tap ekri yo. Sepandan yon konparezon deklarasyon sa yo ap montre ke anseyman fondamantal CGGC rete biblik e konsistan.

**Deklarasyon 1844 la**

Deklarasyon la fwa venn sèt pwen John Winebrenner

John Winebrenner, “Istwa Legliz Dedye yo”Tout denominasyon relijyez (Harrisburg: 1848),, 170-180. Pibliye premye fwa nan yon nan “ An Istwa Orijinal Denominasyon relijyez, , I. Daniel Rupp (Philadelphia, 1844). Pakèt referans biblik nou pa ekri yo pou nou ka pa twò long. [Legliz Dedye kwè Labib, oubyen liv kanonik ansyen ak Nouvo testaman se pawòl Bondye] yon revelasyon Bondye bay lòm, sèl lwa ki fè otorite nan sa ki konsène lafwa..

Li kwè nan yon sèl Dye siprèm, Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, e tou lstwa egal, yon Dye Suprèm, ki egziste an twa pesòn, Papa a, pitit la, ak Sentespri a. Yo tout etenn, yo egal e yo etènèl

Li kwè nan kè lòm ka chite, e tonbe nan depravasyon, sa vle di lòm ka pèdi imaj Bondye ak tout gras la tou.

Li kwè nan nan redanmsyon lòm pa mwayen sakrifis Jezi sou kwa a.

Li kwè nan don Sentespri bay e travay Sentespri a kap eklere nou, rejenere nou e sanktifye nou e ba nou pouvwa a..

Li kwè lòm lib, li li gen libètel sou plan moral, paske li resevwa lòd poul repanti e poul kwè poul ka sove. Doktrin eleksyon enkondisyonèl ak reprobasyon pa gen fondasyon nan plan Bondye

Li kwè lòm jistifye pa mwayen la fwa nan kris, e non pa mwayen zèv lalwa, ou byen pa pwòp jistis li. Li kwè nan nesesite rejenerasyon, nan nouvèl nesans. Ou nan chanjman nati moral lom moral nature, after the image of God, by the influence and power of the word and spirit of God, Pa mwayen la fwa an Kris .

Li kwè nan twa òdonans pozitiv pemanant nan legliz: batèm, lavman pye, e la kominyon

.

Li kwè de bagay esansyèl pou batèm nan gen valè, fòk moun nan gen la fwa, fòk batèm nan fèt pa mwayen imèsyon, fwa sa adwe poujou vini avan imèsyon an.

Li kwè ke òdonans lave pye se lavman literal. Lè nou konsidere moun kite kon lave pye sen yo e ezanp tou Jezi te bay, li obligatwa pou tout Kretyen e tout moun nan legliz Dedyegeneral konferans pratikel . nou kwe repa segne a dwe fete nan youn posisyon apropriye padan kretyen yo chita ansanm nan aswè.

She believes that the *Lord’s Supper* should be often administered, and, to be coChristians only, i

Li kwè nan enstitisyon “ jou Seyè a” oubyen saba Kretyen, kòm yon jou repo e  adorasyon relijyez.

Li kwè ke lekti e prdikasyon pawol Bondye, chante som ak  im, ak chan espirityèl, epi ofran rive nan priyè,  tout bagay say o Bondye òdone yo e tout moun nan  legliz Dedye yo dwe ak anpil devouman e regilarite pratike to     ut bagay say o.

.

Li kwè nan pwopriete e nesesite fe jèn, lòt kalite reyinyon, kan e lòt reyinyon espesyal  pou ini e pwoteje efò ki fèt pou edifikasyon legliz ak konvèsyon pèche yo.

Li kwè ministe evanjelizasyon, ekòl saba edikasyon, nouvèl relijyez, Labib , misyon tout dwe fè ta k tout kè e sipòte liberalman..

Li  kwè  ke legliz dwe  pran swen pwòp pòv li yo, vèv li yo ak     òfelin yo.

Li kwè manifakti, trafik e anplwa move espri, tankoubwason, se bagay enjirye e immoral, tout bagay say o nou dwe abandone yo..

Li kwè systèm ou enstitisyon esklavaj envolontè, se yon bagay ki pa politik ki  pa kretyen tou..

Li kwè tout gè sivil pa sen, okontrè se peche  eke moun Bondye mete apa yo pa ka janm patisipe.

Li kwè ke gouvenman sivil  se Bondye ki odonè yo pou byen tout moun.  Kretyen dwe soumèt a lòd yo pase eksepte sa kip a konfòm ak Labib.

Li kwè nan nesesite yon lavi vètiz e sen  e ke kris ap sove Sèlman moun ki obyi.

Li kwè nan vizibilite, inite, sentète, inivèsalite e pèpetite legliz Jezikri a.

Li kwè nan nan retou pèsonel rèy Jezikri a.

Li kwè nan rezireksyon moun ki mouri, moun ki jis ak enjis. Rezirèksyon jis yo ap feta van, premye a ap feta nan komansman milenyòm e dezyèm nan ap  fèt nan fen  millennium nan.

She believes in the creation of new heavens and a new earth.

Li kwè nan imòtalite nanm, nan jijman inivèsèl e etènel, nan yon lavi ki pap janm fini, nan rekonpans ak pinisyon.

**Deklarasyon de 1925**

Deklarasyon santan lane kit kit e gen 27 pwen ke Wibrenner"e te te declare nan lane 1844 . Deklarasyon sa a te base sou 27 pwen 27 Pwen(1844)

S. G. Yahn, Iatwa Legliz Dedye (Harrsburg Harrisburg: 1926), 112-119. Nou pa mete referans biblik pou kesyon espas e nou vle bref.

Nou kwè ke labib se pawòl enspire Bondye, Bondye te bay otè yo enspirasyon pou yo te kapab repwodwi pawòl san fot. Sèl pawòl ki sufi a li menm nan domèn lafwa.
.

Nou kwè nan nan yon sèl Dye siprèm-Papa a, Pitit la, akSentespri, yo egal youn ak lòt, e yo etènèl.

Nou kwè nan gwosès pa mwayen mirak Nou kwè vyèj la te ansent pa mwayen mirak,, nou kwè vyèj la te ansent, lite akouche yon pitit. Nou kwè nan sakrifis pitit la, nan rezirèksyon kòporèl Nan asansyon, ak nan 2èm retou Kris la.

Li se Bondye e li se pitit Bondye.

Nou kwè nan don ak nan zèv Sentespri.

Nou kwè Bondye te kreye lòm, li te tonbe nan peche, e sèl mwayen pou li sove se pa mwayen redanmsyon Ke Jezi ofri sou kwa .

Nou kwè lèm li jistifye pa mwayen la fwa an Jezikri, se pa ak zèv lalwa ni zèv pa nou

Nou kwè nan libète lòm genyen poul chwazi

Nou kwè nan eleksyon enkondisyonèl, nou kwè ke lòm dwe aksepte Je Jezikri poul ka sove., .

Nou kwè sèlman moun ki te fèt yon dezyèm fwa, kap viv nan repantans,, nan bon relasyon ak Bondye, kap viv nan pesèverans ak obeyisans se yo kap sove.

Nou kwè sanktifikasyon yon moun rive nan moman rejenerasyon.;

Sanktifikasyon an pwogresif.

Nou kwè nan batèm, lavman pye ak nan la sent sèn kòm òdonans legliz..

Nou kwè nan inite kretyen, nan jou seyè a kòm yon jou repo ak la priyè. Nou kwè nnam nou pap janm mouri, nou kwè nan rezirèksyon mò yo, nan yon jijman kap vini aprè, nou kwè nan lavi etènel, nan rekonpans ak pinisyon.

KomantèYahn's sou deklarasyon 1925 la Nou dwe note deklarasyon avan yo te prèske menm ak yon pwendvi doctrinal, sa te montre ke moun nou yo te obeyi byen vit ak la fwa ansyen paran nou yo san yo pat flechi. Kèk paragraph nan deklarasyon Winebrenner yo, soti nan 14 rive nan 20, ki gen rapò metod legliz ak kesyon piblik , ki pat enkli nan deklarasyon 1925 la, ki te poutan trè doctrinal.kèk kesyon piblik nan deklarasyon Wibrenner ki pa rantre nan deklarasyon 1925 la ki vrèman doktrinal. Yon lòt kote dezyèm deklarasyon an mete aksan sou la kreasyon lòm , sou konsepsyon mirakilez vièj e sou divinite Jezikri paske se kesyon sa yo modènis yo te vle atake ..

*Deklarasyon 1975*

Deklarasyon la Fwa nan Okazyon 150 anivese CGGC

Nou kwè nan yon sèl Bondye siprèm. –Papa, Pitit la, ak Sentespri a. Yo egal youn avèk lòt e yo etènèl.
Nou kwè nan gwosès pa mwayen mirak, nou kwè nan sakrifis pitit la, nan rezireksyon kòporèl, nou kwè jezi te monte nan syèl, e nou kwè nan dezyèm retou Seyè a..

**Nou kwè nan don ak nan zèv Sentespri, Nou kwè ke pawòl Bondye enspire, e li se sèl règ ki sifi a li menm nan zafè lafwa. Nou kwè lòm lib poul chwazi si poul sove ou pèdi**

**Nou kwè Bondye te kreye lòm, li te tonbe nan peche e sèl fason pou li sove se lè li aksepte sakrifis Jezi sou kwa a.**

**Nou kwè nan padon pechè, nan nouvèl nesans pa mwayen pawòl la, Sentespri ak jistifikasyon.**
**Nou kwè nan lavman pye, nan batèm ak nan repa seyè a ki se odònans Legliz. Nou kwè Jou Seyè a sen. Nou kwè se Bondye ki mete gouvènman sivil, Nou kwè moun ki mouri yo gen pou leve. Nou kwè nan lavi ki pap janm fini an e nan jijman denyè.**

****************************************************************************************

**Abrevisyon itlize nan nan APANDIS** B

**AR**C Allegheny Region Conference

**CAE** California Eldership

**ERC** Eastern Regional Conference

**GRC** Great Lakes Region Conference

**MRC** Mid-west Region Conference

**MSR** Mid-south Region

**WR**C Western Region Conference

**WTS** Winebrenner Theological Seminary

**Apandis B, lis patisipan yo**

List sa a reprezante moun ki te bay konkou yo swan an ekri, swan an edisyon <u>Nou Kwè</u> nan plizyè gwo rankont nan legliz yo soti 2009 rive 2013..Yo tout merite yon remèsiman espesyal pou pèseverans yo pandan yo tap eseye kreye yon rezime de tout diskisyon sou tout ak pozisyon moun yo kin an biwo Legliz Dedye Konferans Jeneral kin an Findley, Ohio pou yo ajoute nan pwochen edisyon yo non moun key o te bli ye mete, oubyen pouf e koreksyon..

| | |
|---|---|
| Adams, Brad | GRC |
| Adkins, Bob | ARC |
| Akers, Woodson | ARC |
| Allen, Shelby | ARC |
| Allen, Walter | ARC |
| Arndt, Dennis | ARC |
| Arndt, Julia | ARC |
| Asel, Bob | GRC |
| Aumsbaugh, Lee | MRC |
| Beerbower, David | MRC |
| Bender, Deb | ERC |
| Bistline, Randy | ERC |
| Bogges, Bob | ARC |
| Bons, Amanda | MRC |
| Bons, Scott | MRC |
| Boyer, Nancy | ERC |
| Brandt, Mary | ERC |
| Brickner, Micah | ERC |
| Brougher, Shirley | ARC |
| Brougher, Tom | ARC |
| Brown, Milton | ERC |
| Bruce, Dean | GRC |
| Brunner, Denneta | MRC |
| Brunner, Halen | MRC |
| Buck, Nathan | GRC |
| Burns, John | CAE |
| Carney, Joe | GRC |
| Canterbury, Mark | ARC |
| Carlin, Floyd | ERC |
| Clemons, Darl | MRC |
| Cocklin, Joel | ERC, WTS |
| Cordell, Stan | ERC |
| Craddock, Rheul | ARC |
| Cranmer, Joe | ARC |
| Criminger, Fred | MRC |
| Darrah, Stan | ERC |
| Davis, Albert | ARC |
| Davis, Audrey | ARC |
| DeBan, Sherry | ARC |
| Dennison, Don | MRC |
| DeVincent, John | ARC |
| Dillewmeyer, Bob | ARC |
| Dodds, John | GRC |
| Donaldson, Bob | GRC |
| Dorman, Cheryl | ERC |
| Douglas, Doug | MRC |
| Doyle, John | ARC |
| Duffy, Judy | ARC |
| Dukinor, D. L. | ARC |
| Dukinor, Sharon | ARC |
| Dull, Ron | ERC |
| Draper, Andrew | MRC |
| Draper, David | ERC, WTS |
| Draper, Linda | ERC |
| Eatherton, Bob | MRC |
| Eding, Tim | GRC |
| Engelhardt, Don | ARC |
| Everett, Joey | MSR |
| Finley, Lance | GRC |
| Follett, Ron | ARC |
| Foreman, Rachel | CGGC Staff |
| Fox, Danny | ARC |
| Fox, Dave | ARC |
| Frank, Chuck | ERC |
| Frederick, Dick | ERC |
| Freeman, Jim | MRC |
| Ginter, Matt | GRC |
| Goodrick, Amanda | ARC |
| Green, David | GRC |
| Griffith, Andrew | ERC |
| Grubb, Arkie | MRC |
| Grubb, Don | MRC |
| Guirrier, Evenson | Haiti |
| Guy, Rob | ARC |
| Guyler, Jack | ERC |
| Hamsher, Dennis | ERC |
| Hanna, John | ARC |
| Hanna, Raemon | ARC |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 246 | Harlan, Lloyd | MRC | | |
| 247 | Halliday, Mark | | ERC | |
| 248 | Hamlin, Julian | ARC | | |
| 249 | Harrison, Tina | ARC | | |
| 250 | Harvey, Steve | MRC | | |
| 251 | Harvey, Rhonda | | MRC | |
| 252 | Hay, Dean | ARC | | |
| 253 | Horwedel, Dan | | MRC | |
| 254 | Hosler, Mark | ERC | | |
| 255 | Hostetter, Charlie | | ERC | |
| 256 | Hughes, Rick | MRC | | |
| 257 | Inman, Kenny | MRC | | |
| 258 | Jenkins, Gordon | | MRC | |
| 259 | Jenkins, Keith | MRC | | |
| 260 | Jenkins, Randy | | ERC | |
| 261 | Jensen, George | | ERC | |
| 262 | Johnson, Steve | | MRC | |
| 263 | Johnston, Mitch | | ARC | |
| 264 | Kaufman, Arnie | | GRC | |
| 265 | Keckler, Ben | MRC | | |
| 266 | Keckler, Jim | MRC | | |
| 267 | Keefer, Brenda | | ERC | |
| 268 | Keefer, Shirley | | ERC | |
| 269 | Keiser, Jim | GRC | | |
| 270 | Kelly, Brandon | | GRC | |
| 271 | Kidd, George | MRC | | |
| 272 | Kline, Lee | ARC | | |
| 273 | Klock, Jim | ERC | | |
| 274 | Knode, Gary | ERC | | |
| 275 | Koontz, Denny | | ERC | |
| 276 | Koontz, Jean | ERC | | |
| 277 | Learn, David | ERC | | |
| 278 | Lehman, Mary | GRC | | |
| 279 | Leichliter, James | | ARC | |
| 280 | Lucas, Thomas | | ERC | |
| 281 | Martin, Jim | MRC | | |
| 282 | Meader, Ryan | MRC | | |
| 283 | Meier, Justin | ERC | | |
| 284 | Malick, Joan | ERC | | |
| 285 | Malick, Bob | ERC | | |
| 286 | Maughan, Stan | | ERC | |
| 287 | McClain, Mike | | GRC | |
| 288 | McGraw, Tom | ARC | | |
| 289 | Metzler, Lawrence | | ERC | |
| 290 | Mikkelsen, Ed | ARC | | |
| 291 | Miller, Brian | MRC | | |
| 292 | Miller, Dick | ERC | | |
| 293 | Miller, Will | GRC | | |
| 294 | Mills, Earl | ERC | | |
| 295 | Mills, Kim | ERC | | |
| 296 | Monticue, Jim | ARC | | |
| 297 | Moss, Jim Jr. | ERC | | |
| 298 | Murdock, Stephanie | | ARC | |
| 299 | Neely, Jon | ERC | | |
| 300 | Neely-Sleasman, Rachel | | | ERC |
| 301 | Nelson, Bobbie | | ARC | |
| 302 | Nelson, Ray | ARC | | |
| 303 | Nissley, John | WTS | | |
| 304 | Nolt, Doug | ARC | | |
| 305 | Osborn, Glenn | ERC | | |
| 306 | Owen, Stan | MRC | | |
| 307 | Parthemore, Jeff | | ERC | |
| 308 | Pennington, Johnny | | ARC | |
| 309 | Prichard, Darrell | | GRC | |
| 310 | Raderstorf, Keith | | MRC | |
| 311 | Ream, Terry | GRC | | |
| 312 | Raudenbush, Walt | | ERC | |
| 313 | Reist, Bill | GRC | | |
| 314 | Rempel, Larry | ARC | | |
| 315 | Reser, George | MRC | | |
| 316 | Richardson, Kevin | | ERC | |
| 317 | Riley, Chuck | ERC | | |
| 318 | Robinson, Dave | | ERC | |
| 319 | Rockey, Jeff | MRC | | |
| 320 | Rosenberry, Edward | | ERC | |
| 321 | Rosenberry, Linda | | ERC | |
| 322 | Rosenberry, Trevor | | ERC | |
| 323 | Rosser, Ken | GRC | | |
| 324 | Sabelhaus, Frank | | MRC | |
| 325 | Santmyer, Sandra | | ARC | |
| 326 | Scheffer, Ron | ARC | | |
| 327 | Scheuing, Roger | | ERC | |
| 328 | Scott, Holly | MRC | | |
| 329 | Scott, Phil | ERC | | |
| 330 | Scott, Ron | MRC | | |
| 331 | Shoemaker, Bill | | GRC | |
| 332 | Shoup, Carol | ARC | | |
| 333 | Show, Doug | ARC | | |
| 334 | Show, Vincent | ARC | | |
| 335 | Showers, George | | GRC | |
| 336 | Skokut, Sam | ARC | | |
| 337 | Sloat, Bill | ERC | | |
| 338 | Smith, Bill | ARC | | |
| 339 | Spangler, George | | ERC | |
| 340 | Spence, Jeff | MRC | | |
| 341 | Starkey, Eric | MRC | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 342 | Staats, Gary | WTS | |
| 343 | Steinhauer, Terry | | GRC |
| 344 | Stephenson, Bob | | GRC |
| 345 | Stillman, Steve | | WRC |
| 346 | Stoner, Frank | ARC | |
| 347 | Sturr, Phil | ERC | |
| 348 | Sullenberger, Sarah | | ARC |
| 349 | Taylor, Eddie | ARC | |
| 350 | Templeton, Roger | | ERC |
| 351 | Thomas, Fred | ERC | |
| 352 | Tiffin, Todd | WRC | |
| 353 | Tobias, Ben | ARC | |
| 354 | Tobias, Paul | ARC | |
| 355 | Toner, Marsha | MRC | |
| 356 | Toner, Tom | MRC | |
| 357 | Tosten, Matt | MRC | |
| 358 | Walker, Michael | | ERC |
| 359 | Walters, P.D. | WRC | |
| 360 | Westerkamp, Laurel | | MRC |
| 361 | Whetstone, Steve | | MRC |
| 362 | Weil, Tom | ERC | |
| 363 | Wieland, Jack | MRC | |
| 364 | Welker, David | GRC | |
| 365 | Wilder, Jim | GRC, WTS | |
| 366 | Williams, David | | ERC |
| 367 | Wilson, Phil | WRC | |
| 368 | Wingrove, Joe | ARC | |
| 369 | Yost, Dave | ERC | |
| 370 | Zitch, Ken | ERC | |
| 371 | Zumbo, Anthony | | ERC |

APPENDIX C: GLOSSARY (ENDNOTES)

[1] **Eternal** – ki pap fini, k'ap kontinyel;ki pa gen komansman ni fen

[2] **Espri** – Yon et supenatirel, li pa fizik.l.

[3] **Batem** – plonje nan dlo. .

[4] Konsakre – mete apa sen destine tout antye pou yon bi espesyal.

[5] **Merciful** –/ ranpli ak konpasyon, le gen gwo jantiyes, sitou nan ka kote lot moun nan merite pinisyon

[6] **Pentecost** –Fet semen oubyen senkantyem jou are pak, senkant jou ki make komansman legliz.
[7]**Batem Sentespri** –Sentespri anpare yon moune moun nana p menen yon lavi ki baze the empowering gift of the Holy Spirit in the Christian's life.

[8] Entepretasyon**i** –esplikasyon an explanation of what is not immediately plain in the Bible.

[9] **peche** – the universal state of alienation from God which results in disobedience and wrongdoing.

[10] **Sins of omission** –Lew pa fe saw te dwe fe Lew manke di saw ted we di jis paskm mpat gen konesans, lew manke di sa ki dwat akoz de iyorans.
[11] **Glorification** Eta final Sali a. the final stage in salvation when believers attain complete conformity to the image and likeness of the glorified Christ and are freed from both physical and spiritual defect.

[12] **Instantaneously** –Tout bagay rive ansanm.

[13] **Imputed** –Yo ba ou yon ave, yo few kalifye legalman.re God because of what He has done for us.

[14] **Indispensable** – esansyel, absoliman nesese..

[15] **Mission** – God's redemptive and historical initiative on behalf of His creation.

[16] **Presbyterial** – Ki gen relasyon a yon sistem relating to a system of church government and organization in which authority is delegated to the elders (or Presbyters).

[17] **Elders** – persons holding positions of greatest responsibility and authority in local Church leadership. Pastors are considered "teaching elders" in the Church.

[18] **Deacons** –Litteralman"sevite" literally "servant;" persons primarily responsible to serve practical needs in the Church.

[19] **Immersion** Ploje anba dlo.

[20] **Incarnation** – the event of God taking on flesh (human form and nature).

[21] **Foretaste** – a preliminary glimpse of that which will be fully experienced later.

[22] **Decorum** – dignity; governed by acceptable standards of behavior.

[23] **Sequentially** – consecutively; one after another.